**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

# ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИН ОҚЫТЫЎ МЕТОДИКАСЫ ПӘНИНЕН

## ЛЕКЦИЯ ТЕКСТЛЕРИ

Нөкис – 2005

Бул лекция текстлери филология факультетиниң қарақалпақ тили әдебияты бакалавр қәнигелигиниң III-курс студентлерине арнап дүзилди. Қарақалпақ тилин оқытыўдың методлары ҳәм усыллары бойынша теориялық мағлыўматлар бериледи.

Дүзиўши: ф.и.к., доцент Ш.Алланиязова

# 1. Тема: Қарақалпақ тилин оқытыў методикасы пәни, оның мақсети ҳәм ўазыйпалары

Жоба:

1. Қарақалпақ тилин оқытыў методикасы пәнининң изертлеў объекти.
2. Мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыўдың әҳмийети.
3. Қарақалпақ тилин оқытыў методикасы пәнинининң мақсети ҳәм ўазыйпалары.

Қарақалпақ тили методикасы арнаўлы пән сыпатында орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыўдың методлары ҳәм усыллары бойынша теориялық бағдар бериўди нәзерде тутады. Қарақалпақ тилин оқытыўдың мазмунын, тийкарғы принциплерин методлары менен усылларын, ана тили бойынша оқыўшылардың теориялық билимди өзлестириў көнликпелерин болдырыў ҳәм оны әмелде дурыс пайдаланыў жолларын үйретеди. Бунда ол ҳәзирги заман билимлендириў системасы алдында турған талапларға, тәлим тәрбияның тийкарғы ҳәм пайдалы принциплерине сүйенеди. Билимлендириў ҳаққындағы Өзбекстан Республикасының нызамына, Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасы тийкарында келип шығатуғын оқытыўдың методлары менен усылларын белгилеўде алдыңғы қатардағы илим жетискенликлери, жаңа алдыңғы педагогикалық технологиялар басшылыққа алынады.

Қарақалпақ тили методикасының тийкарғы объекти-қарақалпақ тили, оны орта мектеплерде, лицей ҳәм колледжлерде оқытыў. Қарақалпақ тилин оқытыў методикасы муғаллимлердиң жоқары оқыў орынында алған теориялық билимин әмелде қолланыўға, тәжирийбелер топлаўға, оқытыў усылларын жетилистириўге, оларды қоллана билиўге үйретеди.

Қарақалпақ тили методикасының предмети оқыўшыларға қарақалпақ тилиниң фонетикасы, орфографиясы менен орфоэпиясы, лексикасы, грамматикасы, стилистикасы ҳәм пунктуациясы бойынша белгиленген көлемдеги теориялық билимди үйрениў усыллары, алған билимлерин әмелде дурыс қолланыў көнликпелерин болдырыў жоллары болып табылады.

Қарақалпақ тилиниң методикасы ана тилин орта мектеплерде, лицей ҳәм колледжлерде оқытыўдың методлары ҳәм усыллары системасы ғана болып қоймастан, илим тийкарларын үйрениўдиң сағасы болып табылады. Өйткени, оқыўшы өз ана тилинде сөйлейди, пикир алысады, ҳәр қыйлы хабарларды ана тилинде қабыл етеди.

Өзбекстан Республикасының Билимлендириў ҳаққындағы нызамында, Кадрларды таярлаўдың миллий бағдарламасында, Министрлер Кеңесиниң «%збекстан Республикасында улыўма орта тәлим» 8аққындағы қарарларында мектеплерде ана тилин оқытыўға, оқытыўдың жаңа педагогикалық технологиясы тийкарында жаңа усылда оқытыў мәселелерине итибар берилген. Мектеплерде ана тилин оқытыў арқалы оқыўшыларды халқымыздың бай миллий мәденияты, тарийхы, үрип-әдет дәстүрлери, халықтың аўызеки дөретпелери, ана тилимиздиң бай ғәзийнеси менен кеңнен таныстырыў мүмкиншилигине ийе боламыз. Оқыўшылар ана тилин билиў арқалы басқа пәнлерди үйрениўге ериседи.

Улыўма билим беретуғын мектеплерде қарақалпақ тили тийкарғы пәнлердиң бири сыпатында үйрениледи. Қарақалпақ тилине мәмлекетлик тил бийлиги берилип, Қарақалпақстан Респуликасының мәмлекетлик тили ҳаққындағы нызам (1989 жыл, 1-

декабрь) қабыл етилгенинен кейин қарақалпақ тилин оқытыўға қойылған талап және де күшейтилди. Соңғы дәўирде қарақалпақ тилиниң жазыўы латын жазыўына тийкарланған жаңа әлипбеге өтиўге байланыслы «Латын жазыўына тийкарланған Қарақалпақ Әлипбеси»н енгизиў ҳаққында нызам (1994, 26-февраль) қабыл етилгеннен кейин қарақалпақ тили фонетикасын оқытыўда үлкен өзгерислер болды. Сөзлик қурамның соңғы дәўирлерде жаңа сөзлер менен байыўы, ондағы өзгерислер лексиканы оқытыўда да жаңа усылларды талап етеди. Ал, тилдиң грамматиалық дүзилисин үйрениўде белгили сөз байлықларына ийе болыў менен бирге, сол арқалы пикирди аўызеки ҳәм жазба түрде дурыс баян етиў ушын гәп дүзиў қағыйдаларын билиў талап етиледи. Өйткени, адам өз ой-пикирин тек гәп арқалы ғана басқаға жеткере алады. Гәпти дурыс дүзиў ушын оның зәрүрли бөлеклерин, гәп ағзаларын билиў талап етиледи. Мине, булардың барлығы қарақалпақ тили грамматикасын оқытыўда да жаңа усылларды қолланыў зәрүрлигин пайда етеди.

Мектеплерде қарақалпақ тили тәлими, биринштиден, оның грамматикалық дүзилисин жаңа усыллар менен оқытыўға талаптың күшейиўи, екинштиден, оқыўшылардың грамматикалық қағыйдаларға сүйене отырып, тил фактлерин дурыс талқы жасаўға, оларды аўызеки сөйлесиўде ҳәм жазба түрде баянлаўда қыйналыўы оқытыўда жаңа педагогикалық технологияларда қолланыўды талап етеди.

Улыўма билим беретуғын орта мектеплерде қарақалпақ тили тийкарғы пәнлердиң бири сыпатында үйрениледи. Бул пән бойынша тәлимниң мазмуны оқыў бағдарламасы тәрепинен толық белгиленген. Бағдарламаға сәйкес сабақлықлар менен оқыў қураллары дөретилген.

Қарақалпақ тили методикасы пәни мынадай ўазыйпаларды белгилейди.

Баслаўыш ҳәм орта мектеплерде қарақалпақ тилиниң мазмуны менен көлемин, өзгешелиги менен мақсетин анықлаў, бөлимлер арасындағы байланысын, избе-излигин классларға бөлистирилиўин тәмийинлеў.

Оқытыў менен оқытыўшының материал талап ететуғын искерлик дәрежесин ҳәм ўақтын есапқа ала отырып, сәйкес ең пайдалы методлар менен усылларды үйрениў. Бунда өтилетуғын материаллардың жағдайына, оқыўшылардың психо-физиологиялық өзгешеликлерине қарап анаў яки мынаў материалды үйрениўдиң анық жағдайын есапқа алыў.

Ана тили оқыўшылардың дүньяны таныў, ҳәр тәреплеме физикалық жақтан да, интелектуаллық жақтан раўажланыўына, басқа илимлерди үйрениў ушын да тийкарғы қурал хызметин атқарады.

Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыўдың мақсети менен ўазыйпалары усы тийкарғы мәселеге қаратылады. Қарақалпақ тилиниң мазмуны педагогикалық талапларға сәйкес, дурыс белгилеў арқалы оқыўшы мына әҳмийетли ўазыйпаларды иске асырыўды нәзерде тутады:

1) Қарақалпақ тили, оның грамматикалық қурылысын өзлестирген, әдебий сөйлеў ҳәм көркем оқыў көнликпелерин алған, грамматикалық стилистикалық ҳәм орфоэпиялық, пунктуациялық жақтан да толық саўатлы болып жетилискен жасларды тәрбиялаў;

2) Ана тилин үйрениў арқалы өз халқына, оның әдебий тилине ҳәм мәдениятына оқыўшыда сүйиспеншилик қәсийетлерди тәрбиялаў;

3) Оқыўшылардың сөзлик байлығын раўажландырыў, олардан дурыс пайдаланыў уқыплылығын болдырыў;

4) Оқыўшылардың өз пикирлерин ана тилинде логикалық избе-излик пенен дурыс баян ете алыўын тәмийинлеў;

5) Оқыўшылардың дөретиўшилик уқыбын, илим тийкарларын саналы ийелеў көнликпелерин пайда етиў;

6) Ана тилин оқытыў арқалы оларға жаңа заманға ылайық тәрбия бериў.

Бул ушын оқыўшыларыдың қарақалпақ тилин үйрениўге болған сүйиўшилик, талапшаңлығын арттырып барыў керек, яғный оқытыў процесинде унамлы ҳәм ең пайдалы болған методлар менен усылларды сәйкес жағдайларға байланыслы илимий тийкарда қолланып барыў шәрт.

## Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. Қарақалпақ тили оқытыў методикасы пәнининң изертлеў объекти не?
2. Қарақалпақ тилин оқытыўдың зәрүрлиги ҳәм әҳмийети неде?
3. Қарақалпақ тилин оқытыў методикасы пәнининң ўазыйпалары қандай?

## Әдебиятлар:

1. И.А.Каримов. Баркамол авлод арзуси. Тошкент, 2000.
2. Билимлендириў ҳаққындағы Өзбекстан Республикасының нызамы. «Қарақалпақстан жаслары» газетасы, 1997-жыл, 16-октябрь
3. Бердимуратов Е., Пирниязов Қ. Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыў методикасы. Нөкис, 1998.
4. Қутлымуратов Б. Қарақалпақ тилин оқытыўдың айырым мәселелери. Нөкис, 1992.
5. Ғуламов А., Қодиров М. Ўзбек тили ўқитиш методикаси. Тошкент, 2001.

## Тема: Қарақалпақ тилин оқытыўдың принциплери

Жоба:

1. Улыўма дидактикалық принциплер: илимийлик, избе-излик, теория менен практиканың байланысы, саналылық ҳ.т.б.

2. Қарақалпақ тилин оқытыўдың өзине тән принциплери:

а) көрсетпелилик принципи;

б) оқыўшылардың жас ҳәм жеке өзгешелигин есапқа алыў принципи;

в) Оқыўшылардың ойлаўын раўажландырыў принципи;

Дидактика гректиң «**didaktikos**» сөзи болып «оқытаман» дегенди аңлатады. Педагогиканың билим бериў ҳәм оқытыў теориясын жетилистиретуғын бөлими.

Дидактикалық принциплер-оқытыўдың тийкарғы принциплери. Билим менен тәрбияны өзара тығыз байланыслы қарағанда дидактикалық принциплер жасларға билим ҳәм тәрбия бериўдиң негизги принциплери болып есапланады.

Тийкарғы принциплерди бир биринен айыра билиўимиз керек:

а) Улыўма дидактикалық принцип-бул улыўма барлық пәнге тийисли принцип. Солай да дидактикалық принциплер ҳәр бир оқыў материалларының характери менен мазмуна сәйкес, өзине тән өзгешеликлерине сәйкесленип қолланыўды талап етеди.

б) Жеке пәнлерге тән принцип-бул айырым пәнлердиң материалының характерине байланыслы қолланылатуғын принцип. Мәселен, қарақалпақ тилине, математика, химия, тарийх ҳәм т.б. келип шығатуғын тил өзгешеликлерине тийкарланған принциплер. Оқытыўдың төмендеги принципи бар.

Илимийлик, оқытыўдың избе-излик, системалық теорияның практика менен байланыслылық принциплери, саналылық, активлилик, көрсетпелилик, түсиниклилик, оқыўшыларға жеке қатнас жасаў т.б. принциплер.

Айтайық V - класста атлықтың өзгешеликлери ҳаққында теориялық мағлыўмат бериў белгиленген. Атлық сөзлерди танытыў буннан бурынғы классларда да бар. Онда оқыўшылар, әдетте, ким? не? сораўларына жуўап беретуғын сөзлер сыпатында заттың атын билдиретуғын сөзлерди таныған. Ал V - класста қарақалпақ тил билиминде анықланған атлықлардың грамматикалық белгилерин илимий тийкарда үйрениў мөлшерленген. Бул ушын олардың көплик, сеплик, тартым ҳәм бетлик қосымталары арқалы түрлениў айрықшалықлары ҳаққында теориялық мағлыўматаларды үйретиў керек болады. Бул қосымталардың билиў, сөйлеў ҳәм жазыў практикасында дурыс қоллана билиў көнликпесине ийе болыўы шәрт. Демек, программада сәйкес, бириншиден, атлық ҳаққында оқыўшы теориялық билимди өзлестирсе, екиншиден, оны өзинше қоллана билиў уқыплылығын қәлиплестиреди.

Қарақалпақ тили методикасы дидактикалық илимийликти усы көз-қарастан алып барыўды талап етеди. Мысалы, фонетикалық материалды өтпей турып, морфологиялық материалды өтиўге болмайды, ал морфологиялық материалды өтпей турып, синтаксислик материалды өзлестириў мүмкин емес. Бул принципти сақлаў арқалы жаңа материалды өтилген материаллар менен байланыстырыў, бир материалды өткенде, екиншиден бир материалға сүйениў мүмкиншиликлери туўады.

### Теория менен практиканы байланыстырыў принципи

Ана тилин теориялық жақтан үйрениў арқалы ис жүзинде грамматикалық, орфографиялық, пунктуациялық жақтан саўатлы жазыўға, әдебий тилдиң нормалары бойынша сөйлей билиўге үйрениўи тийис. Бул ушын мектепте тек фонетика, орфография, лексика, грамматика, пунктуация, стилистика бойынша теориялық билим берилип қоймастан, ал оқыўшыларды көркем түсинип оқыўға, ой-пикирин логикалық жақтан дурыс қура билиўге, дәл ҳәм анық, тәсирли ҳәм мазмунлы түрде сөйлеўге ҳәм жазыўға, гүрриңлесиўге, баянатлар жасап билиўге, шығып сөйлеўге, улыўма теориялық билимин қоллана билиўге үйретеди. Бул жүдә қыйын ис. Сонлықтан мектептеги берилетуғын теориялық билим практика менен тығыз байланыслы болыўы керек. Оқытыўдың көрсетпелилик принципи ҳаққында көрнекли рус педагоги К.А.Ушинский былай деп жазады: «Сиз балаға қандайда бес нәмәлим сөзди үйретиң. Ол бул сөзлерди билип алғанша көп ўақыт кетеди ҳәм босқа бас қатырады. Лекин сүўретлер жәрдеминде үйретилген 20 сөзди оқыўшы демде үйренип алады». (Ушинский К.Д. Танланган педагогик асарлар. Тошкент, 1959, 429-бет).

Тилдеги түсиниклердиң мәнисин аңлаў, оны саналы ҳәм пухта өзлестириўде көргизбелиликтиң әҳмийети үлкен. Мәселен, сүўрет пенен ислесиў саналы ойлаўға, пикирди туўры ҳәм кең баян етиўге үйретеди ҳәм оқыўшылардың ядында узақ сақлап қалынады. Бул ушын сүўретли карточкалар пайдаланыўымыз мүмкин.

1-карточка

Сүўретке тема қойың. Сүўретке қарап биргелкили ағзалы гәп дүзиң. Биргелкили ағзалардың қайсы сөз шақабынан екенлигин анықлаң

2-карточка

Сүўретке қарап үй буйымларының атын келтирип биргелкили ағзалы гәп дүзиң.

Көрсетпелилик принципи тил ҳәдийселериниң мәнисин анықлаўда, аўызеки ҳәм жазба пикирлеў қәбилетин раўажландырыўға, ана тилин үйрениўге болған қызығыўшылығын раўажландырады.

Оқыўшылардың жас ҳәм жеке өзгешелигин есапқа алыў принципи. Оқытыў процессинде оқыўшылардың жас ҳәм жеке өзгешелигин есапқа алыў дидактиканың ең әҳмийетли принциплериниң бири. Мәселен, киши жастағы балаларда өзинше пикирлеў көбирек анық ўақыя, ҳәдийселер тәсиринде болса, ал өспиримлик дәўиринде пикирлеў қәбилети кеңейеди, анаў яки мынаў ҳәдийселерди талқы қылады, өзара салыстырады ҳәм оннан жуўмақ шығарады. Оқыўшылардың билимди қабыл етиў қәбилети ҳәммесинде бирдей емес. Сонлықтан оқыўшылардың жеке өзгешелигин есапқа алыў зәрүр. Бул ушын муғаллим оқыўшыларды үйрениўдиң түрли усылларынан: гүзетиў, гүрриңлесиў, анкета, жазба жумысларын тексериў, шығарма жазыў, сөйлеў қәбилети, өз бетинше ислеў мүмкиншилиги, өзин өзи басқара алыў жағдайларын ҳ.б. пайдаланыў арқалы анықлайды, болмаўды мақсет етеди. Өйткени, айырым жағдайларда оқыўшылар билимди үйренеди, бирақ әмелде қоллана алмайды.

Оқыўшылардың берилген билимди саналы меңгерип алыўы ушын олардың актив болыўы үлкен әҳмийетке ийе. Оқыўшылардың қарақалпақ тилинен саналы билимге ийе болыўы ушын мыналарды есапқа алыў керек:

1. Материал көлеми бағдарламаға сәйкес белгили мөлшерде классқа, оқыўшылардың жас өзгешелигине, билимине, күшине сәйкес болыўы шәрт;

2. Ҳәр қандай жаңа материал өткендеги темалар менен органикалық байланыста болыўы шәрт;

3. Ҳәр бир тема оқыўшыларға түсиникли, анық олардың уқыбына сай болыўы, теориялық материал әмелий жумыслар менен тығыз байланыста барылыўы тийис;

4. Муғаллим өз жумысларында педагогика, психология илимлериниң жетискенликлерин пухта пайдаланып барыўы тийис;

5. Миллий мектеплердиң алдыңғы тәжирийбелери орынлы ҳәм кең түрде қолланылып барылыўы лазым.

Ана тилин оқытыўда көрсетпелилик принципи-грамматика, фонетика, орфография, лексика бойынша берилетуғын, жаңа түсиниклерди бериўде, беккемлеў, тәкирарлаў сабақларында таблица, схема, графикалық сызылмалар, картина менен сүўретлер, плакатлардан, диафильм, кинофильм, кеспе қағазлардан, компьютерлерден, ҳәр қыйлы ойынлардан пайдаланып өткериў керек.

Оқыўшылардың ойларын раўажландырыўға ерисиў принципи. Ана тили сабақлары оқыўшылардың ойлаўын раўажландырыўда кең имканиятларға ийе. Ойлаў арқалы пикир пайда болады. Пикирлеў болса сөйлеў арқалы жүзеге шығады. Демек, оқыўшының ойлаўын раўажландырмай турып аўызеки, жазба пикирлеўин раўажландырыў мүмкин емес. Бул ушын тил ҳәдийселерин талқылаў, салыстырыў, анализ, синтез, улыўмаластырыў, анықлаў ҳәм басқа ақыл менен ислейтуғын жумыслар ойлаўды раўажландырады. Мысалы: алтын саат, алтын жүзик, алтын гүз, ақ алтын ҳ.б. сөзлердиң мәнилерин, олардың қандлай мәниде қолланылғанлығын анықлайды. Салыстырыў усылында унли менен унсиз даўыссызларды, түбир менен қосымтаны, мәнили сөз бенен көмекши сөзди, сөз бенен сөз дизбеги ҳ.б. салыстырады.

Муғаллим қарақалпақ тилиниң улыўма дидактикалық принциплери менен бирге оның өзине тән принциплерин жақсы билиўи ҳәм оқытыў процессинде алыўы лазым.

### Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. Улыўма дидактикалық принциплер қайсылар?
2. Қарақалпақ тилин оқытыўда қандай принциплерден пайдаланыў мүмкин?
3. Көрсетпелилик принципниң абзаллығы неде ?

### Әдебиятлар:


1. Текучев А.В. Методика русского языка в средней школе. М., 1980.
2. Бердимуратов Е., Пирниязов Қ. Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыў методикасы. Нөкис, 1998.
3. Қутлымуратов Б. Қарақалпақ тилин оқытыўдың айырым мәселелери. Нөкис, 1992.
4. Ғуломов А. Она тилин ўқитиш принциплари ва методлари. Тошкент, 1992.
5. Ғуломов А., Неъматов Ҳ. Она тили таълими мазмуни. Тошкент, 1995.
6. Ғуламов А., Қодиров М. Ўзбек тили ўқитиш методикаси. Тошкент, 2001.


## Тема: Қарақалпақ тилин оқытыўдың методлары

Жоба:

1. Ана тилин оқытыўда қолланылатуғын методлар.
2. Жаңа педагогикалық технология ҳаққында.
3. Дәстүрий емес методлар. Интерактив методлар ҳаққында.

Ҳәр қандай илим тараўы көп жыллар даўамында жүргизилген тәжирийбелер, излениўлер, сынап көриўлер нәтийжесинде дөрейди, қәлиплеседи ҳәм раўажланады.

Метод-грекше сөз болып излениў яки билиў жолы теориясы, тәлиймат мәнилерин билдиреди. Анық ўазыйпаны шешиўге бағдарланған, барлықты әмелий яки теориялық өзлестириў жолларының жыйындысы.

Метод тәлим алыўшы менен тәлим бериўшиниң белгили бир мақетке қаратылған биргеликтеги жумысын шөлкемлестириўдиң тәртипке салынған усыллар жыйындысы.

Усыл-тәлим алыўшы ҳәм тәлим бериўшиниң биргеликтеги жумысларын шөлкемлестириў жолы. Оқыўшыларға билим бериў ҳәм көнликтириў жоллары.

Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыўда төмендеги методларды қолланыў усыныс етиледи: Муғаллимниң түсиндириўи (баянат), гүрриң, сәўбетлесиў, дискуссия, тилди талқылаў, грамматикалық таллаў, шынығыўлар, китап пенен ислесиў, ролли ойынлар ҳ.б.

Муғаллимниң түсиндириўи-ана тилин оқытыўда қолланылып киятырған ең актив метод. Түсиндириў белгили бир материалды баян етиў, сораў-жуўап яки баянат түринде болыўы мүмкин.

Гүрриң-мектеп турмысында ең көп қолланылатуғын метод. Гүрриң үш түрли жағдайда қолланылады. Бириншиден, жаңа материалды өтип атырғанда оқыўшыларға сораў тасланады, қағыйдаларға сәйкес мысаллар табады. Екиншиден, тема түсиндирилип атырғанда сораўлар тасланады. Оқыўшылар ойланып жуўап береди. Үшиншиден, өтилген материалды еске салыў, беккемлеў, тәкирарлаў ушын қолланылады.

Тил фактлерин талқылаў методы қарақалпақ тилин үйрениўде ең көп қолланылатуғын метод. Бул тил фактлерин бақлаў, грамматикалық таллаў ҳәм әдебий шығармалардың тилин талқылаў түринде жүргизиледи.

Қарақалпақ тили бойынша шынығыўлар өтилген материалды толық өзлестириў ушын бериледи. Шынығыўлар оқыўшыны өз бетинше ислеўге, ойланыўға, өтилген материалды әмелде қолланыўға үйретеди.

Индуктив ҳәм дедуктив методлар-оқыўшылардың ойлаўын раўажландырады. Жеке тил фактлеринен улыўма жуўмаққа келиў индуктив методы болса, ал улыўмаласқан жеке фактлерди анықлаў дедуктив методы болып есапланады. Оқытыўдың дедуктив (қағыйдадан таллаўға, улыўмалықтан жекеликке) методынан индуктив (талқылаўдан қағыйдаға) методына өтилсе, оқытыўшы ҳәм оқыўшы арасындағы байланыс және де күшейеди.

Сондай-ақ, ҳәзирги дәўирде дискуссия методын қолланыў үлкен әҳмийетке ийе. Бул методта оқыўшылар еки топарға бөлинип өзара пикир алысады.

Сәўбетлесиў методына оқыўшылар бир-бириниң сораўларына конверт арқалы жуўап жазады Кейин жуўаплар талқыланады.

Муғаллим жуўапларға талқы жасайды. Ролли ойынлар-оқыўшылар белгили бир темаға байланыслы ролли ойынлар шөлкемлестириледи.

Ҳәзирги дәўирде оқытыўдың жаңа усылларын қолланыў зәрүрлиги пайда болмақта. Усыған байланыслы жаңа педагогикалық технология ҳәм интерактив усыллар деген түсиниклер де пайда болды.

Сабақтың жоқары сапалылығына ерисиў ушын төмендеги метод ҳәм усыллардан пайдаланыў мүмкин.

1. Дискуссия оқыў топарын еки топарға бөлген ҳалда өзара пикир алысыў түринде өткериледи.

2. Музерлар. Тәлим алыўшы менен тәлим бериўши арасындағы FтосқынлықтыF жоқ етиўге қаратылған усыл.

3. Ойынлар. Оқыўшылар тәрепинен ролли ойынлар сахналастырылады.

4. Китап пенен ислесиў. Бул усыл оқыўшылардың оқыў материалын өз бетинше өзлестириўге, берилген тексттиң мазмунын толық ҳәм сапалы түрде баян ете алыўға қаратылған усыл.

5. Жеке ислесиў (әмелий) усыл. Теориялық материал әмелий жумыс пенен байланыстырылады.

6. Гүрриңлесиў. Оқытыўшы менен оқыўшының диалог, сораў-жуўап усылы. Гүрриңлесиў жеке ҳәм топар менен өткизилиўи мүмкин.

7. Пинборд. Гүрриңлесиў әмелий жумыс пенен байланысып кетеди. Тәлим алыўшылардың мағлыўматлары тахтада тәртип пенен жазылады.

Сәўбетлесиў: Стол әтирапында отырып бир-бириниң сораўларына конверт арқалы жуўап жазады.

Ақылый ҳүжим-ақылға ҳүжим. Идеяларды генерация етиў усылы. Қатнасыўшылар бирлескен ҳалда қыйын мәселени (машқаланы) шешиўге ҳәрекет етеди, оны шешиў ушын жеке пикирлер билдириледи.

Пинборд-инглиз тилинен PIN-беккемлеў. Оқыўшылар менен пикирлесиў әмелий усыл менен байланысып кетеди.

## Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. Қарақалпақ тилин оқытыўда қандай методлар қолланылады ?
2. Жаңа педагогикалық технология деген не?
3. Қандай методлар интерактив методларға киреди?

## Әдебиятлар:

1. Текучев А.В. Методика русского языка в средней школе. М., 1980.
2. Бердимуратов Е., Пирниязов Қ. Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыў методикасы. Нөкис, 1998.
3. Қутлымуратов Б. Қарақалпақ тилин оқытыўдың айырым мәселелери. Нөкис, 1992.
4. Ғуломов А. Она тилин ўқитиш принциплари ва методлари. Тошкент, 1992.
5. Ғуломов А., Неъматов Ҳ. Она тили таълими мазмуни. Тошкент, 1995.
6. Ғуламов А., Қодиров М. Ўзбек тили ўқитиш методикаси. Тошкент, 2001.

## Тема: Қарақалпақ тилин оқытыўды шөлкемлестириў ҳәм өткериў усыллары.

Жоба:

1. Сабақтың формалары
2. Сабақтың типлери
3. Сабақтың қурылысы

Мектеплерде сабақ өтиўдиң мақсети белгили бир материалды оқыўшыларға үйретиў. Бул мақсетке ерисиў ушын сабақты ҳәр қыйлы формада шөлкемлестириў мүмкин. Олар төмендегилер.

а) Сабақ мектептеги оқыў, оқытыў ҳәм тәрбия ислерин алып барыўдың тийкарғы формасы.

б) Факультатив сабақ-бул айырым бир топар оқыўшыларының билимин тереңлестириў ушын, қәнигелик бағдарда алып барылады.

в) Класстан тыс жарыслар-оқыўшыларға ҳәр тәреплеме билим бериў, теориялық билимлерин беккемлеў ушын өткериледи. Буған қарақалпақ тили бойынша пән дөгереклери, кешелер, олимпиада, ушырасыўлар киреди.

г) Өз бетинше жумыслар-оқыўшылардың излениўшилигин, дөретиўшилигин, уқыплылығын раўажландырыў ушын жүргизиледи. Муғаллим тәрепинен оқыўшыларға жеке тапсырмалар бериледи.

Сабақтың түрлери:

1. жаңа билим бериў сабағы-қарақалпақ тили бойынша бағдарламаға сәйкес билим бериў;

2. беккемлеў сабағы-өтилген теориялық материалларды беккемлеў мақсетинде өткерилетуғын сабақ типи;

3. тексериў сабағы-оқыўшылардың алған билимлерин тексерип көриў, анықлаў ушын өткерилетуғын сабақ;

4. жуўмақлаў сабағы-қарақалпақ тилиниң бир бөлимин яки тараўын өтип болғаннан соң өткерилетуғын сабақ;

5. тәкирарлаў сабағы-оқыўшылардың алған билимин узақ ўақыт есте сақлаўы ушын өтилетуғын сабақ типи.

Сондай-ақ сабақты түсиндириў, теманы беккемлеў, үйге тапсырманы сораў аралас алып барылатуғын сабақ-аралас сабақ типине киреди. Ал, бирлескен сабақ типинде дәслеп таза тема бойынша түсиник берилип, кейин беккемлеў, үй тапсырмасы менен қосып алып барылады:

- сабақты шөлкемлестириў;
- оқыўшылардың билимин тексериў;
- жаңа материалды түсиндириў;
- жаңа материалды беккемлеў;
- теманы жуўмақлаў, үйге тапсырма бериў.

Дәстүрий сабақ өтиў жобасы төмендегише дүзиледи.

1. Сабақтың темасы
2. Сабақтың мақсети
3. Сабақтың нәтийжеси
4. Сабақты қуралландырыў
5. Сабақтың барысы

| Сабақтың басқышлары | ўақты | Сабақтың мазмуны | метод |
|---|---|---|---|
| Кирисиў | 5 мин. | Оқыўшылардың сабаққа таярлығын, сабақтың темасы, мақсети, нәтийжесин баян етиў. | |
| Тийкарғы басқыш | 15мин. | Тема бойынша улыўма мағлыўмат бериў. | гүрриң |
| | 10 мин. | Тема бойынша өзинше пикир жүргизиў ушын тапсырмалар бериў. | сораў жуўап |
| | 10 мин. | Айтылған пикирлер мысаллар менен талықтырылып, талқы жасаў. | |
| | | Өз бетинше ислеў ушын тапсырмалар бериў. | |
| Жуўмақ | 5 мин. | Темаға жуўмақ жасаў, оқыўшылардың түсинигин анықлаў. | |

Дәстүрий сабақ өтиўдиң тийкарғы басқышлары

1. Кирисиў

- өтилген материалларды тәкирарлаў;
- сабақтың мақсетин түсиндириў;
- сабақтың мазмуны ҳәм жобасы менен таныстырыў;

2. Таза теманы түсиндириў:

- таза теманы киши-киши бөлимлерге бөлип бериў;
- ҳәр қыйлы мысаллар, мүмкиншилиги болса көргизбели қураллардан пайдаланыў,
- темадан шетлеп кетпеў;
- теманың қурамалы тәреплерин қайта түсиндириў;
- оқыўшылардың түсиник дәрежесин тексерип барыў;
- қарама-қарсы байланысты тәмийинлеў.

3. Бирер мысалды оқыўшылар менен избе-из талқы жасаў;

4. Беккемлеўге байланыслы шынығыўлар.

Оқыўшылар шынығыўды өзлери ислейди, муғаллим оларды бақлап дүзетиў киргизип барады.

5. Өз бетинше исленетуғын шынығыў.

Оқыўшылар шынығыўды өз бетинше ислейди.

6. Оқыўшылардың түсиниў дәрежесин тексериў.

7. Жуўмақлаў

Теманың тийкарғы түсиниклерин ҳәм оқыў мақсетин жәмлеў.

## Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. Сабақты оқытыўдың қандай формалары бар ?
2. Сабақты оқытыўдың қандай типлери бар ?
3. Сабақты оқытыўдың қурылысы қандай болады ?

## Әдебиятлар:


1. Текучев А.В. Методика русского языка в средней школе. М., 1980.
2. Бердимуратов Е., Пирниязов Қ. Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыў методикасы. Нөкис, 1998.
3. Қутлымуратов Б. Қарақалпақ тилин оқытыўдың айырым мәселелери. Нөкис, 1992.
4. Ғуломов А. Она тилин ўқитиш принциплари ва методлари. Тошкент, 1992.
5. Ғуломов А., Неъматов Ҳ. Она тили таълими мазмуни. Тошкент, 1995.
6. Ғуламов А., Қодиров М. Ўзбек тили ўқитиш методикаси. Тошкент, 2001.


## Тема: Фонетиканы оқытыў методикасы

Жоба

1. Фонетиканы оқытыўдың әҳмийети ҳәм ўазыйпалары .
2. Даўыслы ҳәм даўыссыз сеслерди оқытыў.
3. Сеслик нызамларды сеслердиң үнлеслигин оқытыў усыллары.
4. Бууын ҳәм өткермени оқытыў.

Фонетика тилдиң сес ҳәм сеслик системасы ҳаққындағы тил илиминиң тараўы болып, дәслеп баслаўыш классларда, кейин жоқары классларда оқытылады. Фонетика тараўы сеслер, даўыслы ҳәм даўыссыз сеслер, олардың жазылыўы, сеслердиң үнлеслиги, бууын ҳәм оның түрлери бойынша материалларды өз ишине қамтыйды. Фонетиканы үйрениў арқалы оқыўшыларда дурыс жазыў, әдебий тилде дурыс сөйлеў, сөйлеў мәдениятын қәлиплестириў ҳәм раўажландырыў көникпелери пайда болады.

Орта мектеплерде сести сөйлеўдиң ең киши бирлиги сыпатында үйрениўге тийкарланады. Сеслерди айтыўдағы сөйлеў ағзаларының қатнасы, даўыслы ҳәм даўыссыз сеслерди айтыўдағы өзгешеликлер анықланады. Оқыўшылар сеслерди айтыў арқалы олардың өзгешелигин анықлайды. Сеслердиң мәни өзгертиўши қәсийетлерин бир неше мысаллар арқалы түсиндириўге болады. Мысалы: бас, бес, бос сөзлериндеги мәнилердиң өзгериўи түсиндириледи. Ал, тас, тес, тис сөзлеринде болса даўыссыз сеслер өзгериў арқалы мәнилик өзгешелик пайда болады.

Сес ҳәм ҳәрип ҳаққында түсиник бериўде бир сестиң бир ҳәрип арқалы таңбаланыўы, ал айырым сеслердиң бир ҳәрип пенен таңбаланыўы мысаллар арқалы түсиндириледи. Ҳәзирги латын жазыўындағы сеслердиң айтылыў ҳәм жазылыўындағы өзгешелигин, бурынғы кирилл жазыўындағы ҳәриплердиң таңбаланыўы менен салыстырып түсиндириўге болады. Өйткени, латын жазыўында сеслер айтылыўы бойынша бир ҳәрип пенен таңбаланады. Ал, кирилл жазыўында еки сес йа-я, йо-е, йу-ю ҳәриплери менен таңбаланған еди. Алфавитти үйрениўде көбирек сөзликлер менен ислеў арқалы алып барылады. Алфавиттеги 32 ҳәриптиң избе-из жайласыўын билиў арқалы оқыўшылар сөзликлерден пайдаланыў жолларын биледи. Берилген сөзлерди алфавит тәртибинде жазады. Класстағы затларды алфавит тәртибинде

жазыўы, ямаса адам атларын, қала атларын ҳ.б. избе-из жазыў арқалы алфавитти үйренеди. Сабақтан кейин «Алфавитти билиў не ушын керек?» деген темада текст жазса, сабақ және де нәтийжели болады. Даўыслы ҳәм даўыссыз сеслерди үйрениўдеги ең әҳмийетли мәселелердиң бири оның имласы болып есапланады. Бул ушын даўыслы сеслер (9 даўыслы сес) жуўан ҳәм жиңишке, еринлик ҳәм езиўлик, ашық ҳәм қысық даўыслыларға бөлип үйренилип, олардың өзгешелиги мысаллар менен түсиндириледи. Буны түсиндириўде жиңишке даўыслы сеслерге қойылатуғын үстин белгилерге айрықша итибар бериледи. (ә, ө, ү, и) Себеби олар жазыўда түсирилип қалдырылса имла қәте болады. Көргизбели қуралларды, яки тахтада бир неше мысаллар менен олардың өзгешелиги түсиндириледи. Еринлик ҳәм езиўлик даўыслы сеслердиң бир-бирине тәсири көрсетиледи.

Даўыссыз сеслердиң (23 даўыссыз сес) дәслеп даўыслы сеслерден өзгешелиги, кейин үнли ҳәм үнсиз даўыссыз сеслердиң өзгешелиги түсиндириледи.

Даўыссыз сеслердиң өзгешелигин пухта өзлестирип алыў ушын п-в, т-д, к-г, қ-ғ, п-ф, қ-х, х-ҳ сеслериниң парқын билиў ушын усы сеслер менен сөзлер жазамыз. Бул сөзлер арқалы гәплер дүземиз. Оқыўшылардың өзлериниң қатнасында мысаллар жазып, сеслердиң айтылыў ҳәм жазылыўындағы өзгешелигин анықлаймыз.

Буўын темасы өтилгенде сөзлерди өткермелеўге айрықша итибар беремиз. Бир буўынлы сөзлерди өткермелеўге болмайтуғынлығына айрықша дыққат аўдарылады. Бул ушын сөзлер буўынларға бөлинип жазылып, буўынның қандай түри ҳәм неше буўынлы сөз екенлиги түсиндириледи. Даўыслы сеслердиң буўын қураўдағы өзгешелиги көрсетиледи.

Фонетиканы үйрениў арқалы оқыўшылар тек дурыс жазыўға үйренип қоймастан, олардың сөзлик байлығы да раўажланады. Мысалы: ол-ул-ал ямаса он-ун-үн-өн сөзлериндеги сеслик өзгешеликлер менен бирге мәнилик өзгешеликлер де түсиндириледи.

Сондай-ақ, фонетика тараўын үйрениў графика, орфография ҳәм орфоэпия менен бирге алып барылады. Сеслердиң айтылыў ҳәм жазылыўдағы өзгешеликлер сеслердиң үнлеслиги, буўын үнлеслиги, ерин үнлеслиги, кейинли тәсир, илгерли тәсир нәтийжесинде келип шығады. Мине, буларды түсиндириўде жеке сөзлер, ямаса текстти оқыў арқалы анықланады.

Солай етип фонетиканы оқытыўда тек сеслик өзгешеликлерге ғана емес, ал дурыс жазыўға, дурыс сөйлеўге, оқыўшылардың сөзлик байлығын асырыўға, гәплерди, қосықларды дурыс оқыўға үйретиўимиз керек. Бул ушын ҳәзирги жаңа педагогикалық технологиядан пайдалана отырып, жаңа усылларда пайдаланыўымыз керек. Фонетиканы оқыўда компьютерлерден, лингафон кабинетлеринен, магнитафоннан пайдаланыўымыз мүмкин. Ҳәриплер бойынша жазылған жумбақлардан, жаңылтпашлардан, имла сөзлигинен, орфоэпиялық сөзликтен пайдалансақ болады.

### Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. Фонетика нени үйретеди?
2. Сес ҳәм ҳәриптиң өзгешелиги қандай?
3. Даўыслы ҳәм даўыссыз сеслердиң өзгешелиги неде?

4. Буўын ҳәм оның түрлерине мысаллар келитириң.

## Әдебиятлар:

1. Бердимуратов Е., Пирниязов Қ. Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыў методикасы. Нөкис, 1988.

2. Қутлымуратов Б. Қарақалпақ тилин оқытыўдың айырым мәселелери. Нөкис, 1992

3. Даўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили фонетика. Нөкис, 1999.

4. Ғуломов А., Неъматов Ҳ. Она тили таълими мазмуни. Тошкент, 1995.

5. Ғуламов А., Қодиров М. Ўзбек тили ўқитиш методикаси. Тошкент, 2001.

## Тема: Орфография ҳәм орфоэпияны оқытыў методикасы

### Жоба:

1. Орфографияны ҳәм орфоэпияны оқытыўдың әҳмийети.
2. Қарақалпақ орфографиясының негизги принциплери.
3. Орфографияны оқытыў усыллары.
4. Орфографияны оқытыўда жүргизилетуғын диктант ҳәм оның түрлери.

Мектеп оқыўшыларының саўатлылығын арттырыўда орфографиялық қағыйдаларды терең үйрениў айрықша әҳмийетке ийе. Мектеплерде орфографияны үйрениў баслаўыш класстан баслап оқытылады. Бул классларда орфография бойынша өз алдына темалар берилмеген менен, даўыслы ҳәм даўыссыз сеслердиң жазылыўы үйретиледи. Ал, V-IX классларда орфографияны оқытыў ушын арнаўлы саатлар ажыратылыў менен бирге, фонетика ҳәм морфология менен қоса үйретилиў нәзерде тутылған. Өйткени, орфографиялық қағыйдалар фонетика ҳәм тилдиң грамматикалық қурылысы менен тығыз байланыслы.

Сондай-ақ оқыўшылардың дурыс жазыўды сапалы өзлестирип алыўында орфографиялы қағыйдаларды дурыс уғып алыўы үлкен әҳмийетке ийе. Орфографиялық қағыйдалар орфоэпия менен тығыз байланыста үйретилиўи зәрүр. Өйткени, айтылыўы ҳәм жазылыўы сәйкес келмейтуғын сөзлерди дурыс жазыў, дурыс айта билиў көнликпелерин пайда етиў үлкен әҳмийетке ийе. Оқыўшылар орфографиялық қағыйдаларды дурыс өзлестирип алса сөзлерди дурыс қәтесиз жазыўға ериседи.

Бул ўазыйпаны иске асырыў ушын оқыўшыларға сөзлерди жаздырыў, шынығыўлар ислетиў, текстлерди оқыў сыяқлы жумыслар оқыўшылардың жас ҳәм жеке өзгешеликлери есапқа алынған ҳалда жүргизиледи.

Мектеплерде орфография ҳәм орфоэпияны оқытыў жаңа латын әлипбесине ҳәм оның имла принциплерине байланыслы алып барылады. Қарақалпақ тили орфографиясы негизинен фонетикалық ҳәм морфологиялық принцип тийкарында дүзиледи. Фонетикалық принцип сөзлердиң еситилиўи бойынша жазылыўына тийкарланады. Морфологиялық принципте сөзлер түбир ҳәм қосымталар негизинен сақланып жазылады. Бул принцип сөзлердиң айтылыўы ҳәм жазылыўы арасындағы өзгешеликти түсиндириўде үлкен әҳмийетке ийе. тарийхый принцияп сөзлерди

бурыннан қәлиплескен түринде жазыў принципи. Ал, графикалық принципте рус тилинен кирге сөзлер сол тилде қалай жазылса солай жазылады.

Сондай-ақ, қоспа сөзлер, бас ҳәриплер менен жазылатуғын сөзлер, буўынларға бөлип жазыў орфографиялық қағыйдаларға муўапық жүргизиледи.

Мектеплерде орфографияны оқытыў даўамында анаў яки мынаў методты дурыс таңлап пайдаланыўда оқыўшылардың билим дәрежеси менен жас өзгешелиги, олардың қабыл етиў уқыбы, дыққаты менен материалды түсиниў қәбилети ҳәм ҳәр бир оқыўшының жеке өзгешелиги есапқа алынады. Қандай усыл нәтийже беретуғынлығы орфографияны оқытыў ҳәм әмелий жумыслардың мазмуны менен көлемине байланыслы. Орфографияны ҳәм орфоэпияны оқытыўда сөзлердиң айтылыўы менен жазылыўына байланыслы гүрри, сәўбетлесиў, шынығыўлар ҳ.б. усыллардан пайдаланыў мүмкин.

Орфографияны оқытыў методының ҳәм шынығыўлардың избе-излигиниң сақланыўы зәрүр. Әсиресе, орфографиялық қәтелердиң қайсы түри қайсы класста оқыўшылардың жазба жумысларында ушыраспаўын, олардың саўатлығын баҳалаўда қәтелердиң түрин есапқа алыў лазым.

Мектеп оқыўшылары орфографиялық қағыйдалардың анықламаларын билип алады, бирақ соған қарамастан, жазба жумысларда қәтелер жибереди. Демек, бул оқыўшының қағыйдалы сапалы түрде өзлестирилмегенлигин көрсетеди.

Қарақалпақ тилиниң орфографиялық қағыйдаларында даўыслы ҳәм даўыссыз сеслердиң, түбир ҳәм қосымталардың, қоспа сөзлер ҳәм көмекши сөзлердиң, бас ҳәриплердиң жазылыў имласы көрсетилген. Бул қағыйдалар қарақалпақ тилиниң фонетика ҳәм грамматикалық қурылысы менен байланыслы үйретиледи.

Муғаллим орфографиялық қағыйдаларды оқыўшыларға оның, түсиникли мысаллар менен түсиндириўи керек. Айтылыўы ҳәм жазылыўы сәйкес келмейтуғын сөзлерди фонетикалық нызамларға, тилдиң морфологиялық қурылысына байланыслы түсиндириледи. Мысалы: жүрек-жүрөк, пүткил-пүркүл, орын-орун болып айтылыўы ерин үнлеслигине байланыслы орыс тилинен кирген сөзлерде сөздиң басында пәтсиз буўында о ның а болып айтылыўы, сондай-ақ, кейинли ҳәм илгерли тәсирге байланыслы түбир ҳәм қосымтадағы сеслердиң айтылыў өзгешелиги сезсе-сессе, басшы-башшы, қара қой-қара ғой т.б.) көрсетиледи.

Бул қағыйдалардың оқыўшылардың қалай өзлестирилгенлиги жазба жумыслар арқалы анықланып барылады.

Орфографиняны оқытыўда жазба жумысларының әҳмийети үлкен. Бундай жазба жумысларға диктант жумысы киреди. Диктант жумысының бир неше түрлери бар: түсиндириў, ескертиў, таңлаў, еркин, сөзлик, көриў диктанты ҳәм тексериў диктанты. Бул диктантлардың ишинде тексериў диктанты көбирек қолланылады.

Орфографияны оқытыўда ҳәр қыйлы усыллар, шынығыўлар қолланылады. Бул усылларды қолланыўда оқыўшылардың есте сақлаўы, дыққаты, қабыл етиўи, жас өзгешелиги, жеке өзгешелиги есапқа алыныўы керек. Шынығыўлар ҳәр қыйлы болады. Олар көширип жазыў грамматикалық-орфографиялық тапсырмалар, көп ноқаттың орнын толтырыў ҳ.б. түрлерине бериледи. Орфографиялық қағыйдаларды үйретиўде оқыўшыларға сөзлик дәптер дүздириў керек. Бул сөзлик дәптерге

оқыўшылар жазыўда қыйын болған сөзлерди, жазба жумысларында қәте жиберген сөзлерди жазып барады. Сөзлик алфавит тәртибинде дүзиледи.

Орфографины оқытыўда орфографиялық таллаў ҳәм кеспе қағазлар пайдаланылады. Орфографиялық таллаў фонетика ҳәм грамматика менен байланыслы жүргизиледи. Әсиресе, айтылыўы ҳәм жазылыўында парқы бар сөзлерге дыққат аўдарылады.

Орфографиялық кеспе қағазлардан пайдаланыўда өзлестириўи қыйын болған қағыйдалар таңлап алынады. Мысалы, Тийисли ҳәриплерди қойып жазыў ор(п-ф)ография, ас(п-ф)альт, му(х-ҳ)аббат, ме(х-ҳ)ир, (в,б)олейбол, шка(п-ф) ҳ.т.б.

Сондай-ақ, бириккен ҳәм юирикпеген қоспа сөзлер, бас ҳәриплер менен жазылатуғын сөзлер бойынша оқыўшылардың ойлаўын раўажландыратуғын тапсырмалар бериў керек. Текстлер жаздырыў арқалы ондағы айырым сеслердиң айтылыў ҳәм жазылыў өзгешелиги түсиндирилип барылады. Орфографиялық қәтелерди болдырмаўда, яғный, оқыўшылардың саўатлы жазыўын қәлиплестириўде мектеп дийўалы газетасының орны үлкен. Газетадан арнаўлы бөлим ажыратылып, онда «Дурыс жаз», «Иркилис белгилериниң қойылыўын үйрен» т.б. темаларда орфография ҳәм пунктуацияға байланыслы материаллар берилип барылса мақсетке муўапық болады.

Мектепте оқыўшылардың тек саўатлы жазыўына ғана емес, ал сулыў, анық жазыўына да итибар бериў керек. Себеби, сулыў, анық, қәтесиз жазылған жазыў оқыўшының билим дәрежесин де көрсетип турады.

Орфографияны ҳәм орфоэпияны оқытыўда муғаллимге орфографиялық, орфоэпиялық сөзликлер қосымша қурал ретинде пайдаланыўға усынылады. Егер оқыўшыларға арналған орфографиялық сөзликлер ҳәр бир оқыўшыда болса мақсетке муўапық болады. Бирақ ҳәзирги латын жазыўына байланыслы шыққан имла сөзлиги (1997) аз санда шыққан ҳәм толықтырыўды талап етеди. Қосымша методикалық әдебиятлар жеткиликсиз. Диктантлар топламы да ескирген. Буларды қайта жазыў талап етиледи.

### Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. Орфографияны оқытыўда нелерге итибар бериледи?
2. Қандай усыллардан пайдаланылады?
3. Орфографияны оқытыўда қандай жазба жумыслар қолланылады?

### Әдебиятлар:

1. Б.Қутлымуратов. Қарақалпақ тилин оқытыўдың айырым мәселелери. Нөкис, 1992.
2. Б.Қутлымуратов. Қарақалпақ тили орфографиясын оқытыў усыллары. Нөкис, 1993.
3. Ғуламов А., Қодиров М. Ўзбек тили ўқитиш методикаси. Тошкент, 2001.

## Тема: Лексиканы оқытыў усыллары

1. Сөз ҳәм оның мәнилерин оқытыў.

2. Синоним, амоним, антоним, неологизм ҳәм гөнерген сөзлерди оқытыў усыллары.

3. Кәсиплик сөзлер, диалектлик сөзлер ҳәм терминлерди оқытыў.

4. Лексиканы оқытыўда қолланылатуғын интерактив усыллар.

Тил илиминиң лексикология бөлими сөзлик қурам, сөз ҳәм оның мәнилер, мәнилес сөзлер (синоним) мәнилери қарама қарсы сөзлер (антоним), омоним сөзлер, неологизм ҳәм тарийхый сөзлер, кәсиплик, диалектлик сөзлер, терминлер ҳәм атамалар, турақлы сөз дизбеклерин өз ишине қамтыйды. Буларды оқыўшыларға жетерли дәрежеде түсиндириў ушын ҳәр қыйлы усыллардан пайдаланыў мүмкин. Бул бөлимди оқытыў оқытыўшыдан үлкен шеберликти талап етеди. Өйткени, оқыўшының сөзлик байлығын раўажландырмай турып, олардың еркин пикирлеўин, сөйлеў мәдениятын, ана тилин толық ҳәм жетерли билиўин тәмийинлеў мүмкин емес.

Демек, сөзлердиң мәнилерин, туўра ҳәм аўыспалы мәнилерин билиў пикирди анық ҳәм түсиникли етип баянлаўда үлкен әҳмийетке ийе.

Сөзлердиң мәнилерин оқытыўда дәслеп мәнили ҳәм көмекши сөзлерге ажыратып түсиндириледи. Бул ушын тахтаға бир неше мысаллар жазамыз. Мысалы: дала, дәрья, көл, ашшы, үлкен, бес, алты, он, келди, айтты, көп, аз, бүгин, ҳәм, менен, пенен, ушын ҳ.б. оқыўшылар менен бирге бул сөзлердиң қандай мәнилерде қолланылып турғанлығын ҳәм мәни билдирмей турған сөзлерди ажыратамыз.

| Сөзлер | Қандай түсиникти билдиреди |
|---|---|
| Дала, дәрья, көл | Тәбияттағы затлардың атамасы |
| Ашшы, үлкен, жақсы | Заттың ҳәр қыйлы белгилерин |
| Бес, алты, он | Заттың санын |
| Келди, айтты, барды | Ис-ҳәрекеттиң атамасы |
| көп, аз, бүгин | Ҳәрекеттиң белгилерин |
| ҳәм, менен, пенен, бенен, ушын | Мәни билдирмейди (көмекши сөзлер) |

Сөздиң тийкарғы ҳәм аўыспалы мәниде қолланылып турғанлығын билиў ушын сөз дизбеклери ҳәм гәплер арқалы түсиндиремиз.

Бул жерде оқыўшы сол сөздиң стиллик өзгешелигин де аңлаў шәрт. Мысалы: Көлде үйректиң палапанларын көрдим. Ол еле аўзынан сарысы кетпеген палапан. Биринши мысалда палапан сөзи қустың баласы мәнисинде қолланса, ал екинши мысалда адамның баласы мәнисин билдирип тур.

**туўра мәниси**

Палапан → үйректиң, ғаздың, қарлығаштың

**аўыспалы мәниси**

Палапан → жас, нәресте, перзент, бала

Сөзлердиң мәнилик өзгешеликлерине итибар бериў керек. Мысалы: ағаш, терек, тал, нәл, мийўе, ағаш ҳ.б. сөзлердиң мәнилик өзгешелигин мысаллар менен

түсиндириў зәрүр. Саҳра, дала, шөл, бағ, тоғай, таў сыяқлы сөзлер менен текст дүзиў ҳәм мәнилик айырмашылығын анықлаў арқалы жуўмақ жасалады.

Синонимлерди оқытыўда көбирек сөзлердиң орынлы, дурыс стильлик мақсетлерде пайдаланыўына итибар бериледи. Бул ушын мысалларда сәйкес синонимлерди таңлап қолланыў, жеке сөзлер менен фразеологизмлер арасындағы синонимия, текстлерде синонимлердиң жупласып қолланыўындағы өзгешеликлер, сөз шақапларына тийисли синонимлик сыңарлар ҳаққында түсиник бериледи. Оқыўшылар топарларға бөлинип синонимлерди табыў, кросвордлар дүзиў, сөзликлерден пайдаланыў сыяқлы усыллардан пайдаланыўға болады.

Оқыўшыларға қарама-қарсы мәнили сөзлерди (антонимлер) оқытыўда, сөзлерди жазып оған қарама-қарсы мәнидеги сөзлерди табыў, тексттен табыў, яки қарама-қарсы сөзлер менен гәплер дүзиў, олардың жазылыўы сыяқлы мәселелерге айрықша дыққат аўдарылады.

Омонимлерди оқытыў оқыўшылардың ойлаў қәбилетин раўажландырыўда үлкен әҳмийетке ийе. Бирдей дүзилистеги сөзлердиң мәнилик өзгешеликлери мысаллар арқалы түсиндириледи (ой, жаз, алма, сабақ, той). Омонимлерди оқытыўда текстлерден, түсиндирме сөзликлерден пайдаланыў мүмкин.

Лексикологиядағы және бир әҳмийетли мәселелерден бири улыўма тилде жийи қолланылатуғын ҳәм кем қолланылатуғын сөзлер. Әсиресе, аз қолланылатуғын сөзлер бойынша түсиник бериў оқыўшылардың сөзлик байлығын раўажландырыўға жәрдем береди. Гөнерген сөзлерди оқытыўда мектеп музейинен пайдаланыў мүмкин. Мәселен, музейдеги ҳәзир қолланылмайтуғын затлар, олардың атамаларын оқыўшылар өз көзи менен көрсе, оларды тексттен аңсат таба алады. Гөнерген сөзлер, олардың мәнилери тек сол теманы өткенде емес, ал әдебият сабағында, текстлер үстинде ислегенде түсиндирилип барылыўы зәрүр.

Неологизмлер ҳәзирги дәўирде жәмийеттеги өзгерислерге байланыслы жийи қолланылып киятыр. Булардың көпшилиги басқа тиллерден кирген сөзлер (лицей, компьютер, гимназия, колледж, валюта, бизнес, лицензия, тест) Сондай-ақ, тилимиздеги айырым жаңа мәниде қолланылып киятырған сөзлер (бажыхана, ҳәким, исбилермен ҳ.т.б) мәнилери мысаллар арқалы түсиндириледи.

Кәсибий ҳәм диалектлик сөзлерди түсиндириўде дәслеп оқыўшылардың өзлери ата-анасының кәсиби туўралы түсиникти анықлап алыў зәрүр. Кейин сөзликлерден пайдалана отырып, оқыўшыларға ҳәр түрли кәсипте қолланылатуғын сөзлер бойынша түсиник бериледи.

Диалектлик сөзлерди оқытыўда дәслеп арқа ҳәм қубла диалект бойынша түсиник берилип, сөзликлерден пайдалана отырып бир неше сөзлерди, олардағы мәнилик өзгешеликлерди мысаллар арқалы түсиндиремиз.

Терминлерди оқытыўда улыўма сөзлер менен терминлер арасындағы өзгешеликке айрықша итибар бериў керек. Оқыўшылардың өзлери пәнлерге байланыслы сөзлерди, мәселен. математикаға, тил илимине, әдебиятқа, ботаникаға, тарийхқа байланыслы сөзлерден мысаллар келтириў мүмкин. Кейин бир неше терминлер берилип, олардың қайсы илим тараўына тийисли екенлигин

оқыўшылардың өзлери тәрепинен анықланады. Терминологиялық сөзликлерден, сабақлықлардан пайдалансақ болады.

Лексикологияны оқытыўда фразеологизмлерди оқытыўға айрықша итибар бериледи. Турақлы сөз дизбеклерин билиў оқыўшылардың сөзлик байлығын раўажландырады, орынлы ҳәм тәсирли сөйлеўине тәсир жасайды. Тексттеги жеке сөзлердиң орнына турақлы сөз дизбеклерин қойып гәп дүзиў, олардағы стильлик өзгешеликлерди мысалларда анық көрсетиў керек. Себеби, оқыўшылардың сөзлик байлығында турақлы сөз дизбеклери аз. Оларды өз пикирлеринде қоллана алмайды. Бул ушын керекли шығармалардың тилин таллағанда фразеологизмлерге, нақыл-мақалларға айрықша итибар бериў керек. Сөзликлерден пайдаланыў, турақлы сөз дизбеклерин келтирип текст дүзиў жумысларын алып барамыз.

Лексикологияны оқытыўда сөзлердиң стильлик қолланыў өзгешеликлерине айрықша итибар бериў талап етиледи. Өйткени, оқыўшы өз пикирин еркин, дурыс, анық айтыўы ушын сөзлик байлығы көп болыўы ҳәм оны орынлы қоллана билиў керек.

## Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. Сөзлердиң көп мәнилиги ҳәм омонимлерди оқытыўда қандай усыллардан пайдаланамыз.
2. Синоним, амоним, антоним, гөнерген сөзлер, неологизмлерди оқытыўда қолланылатуғын усыллар.
3. Лексикологияны оқытыўда қолланылатуғын усыллар бойынша жеке ис жобаларын дүзиң.

## Әдебиятлар:

1. Бердимуратов Е., Пирниязов Қ. Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыў. Нөкис, 1988.
2. Қутлымуратов Б. Қарақалпақ тилин оқытыўдың айрым мәселелери. Нөкис, 1992.
3. Бердимуратов Е. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Лексикология. Нөкис, 1999
4. Ғуломов А., Неъматов Ҳ. Она тили таълими мазмуни. Тошкент, 1995.
5. Ғуламов А., Қодиров М. Ўзбек тили ўқитиш методикаси. Тошкент, 2001.

## Морфологияны оқытыў методикасы.

### Жоба:

1. Морфологияны оқытыўдың әҳмийети ҳәм ўазыйпалары.
2. Сөз жасаў усылларын оқытыў.
3. Сөз шақапларын оқытыў.
4. Көмекши сөзлерди оқытыў.
5. Морфологияны оқытыўда қолланылатуғын жаңа усыллар.

Морфология грамматиканың бир тараўы болып, морфология бойынша дәслепки мағлыўматлар баслаўыш классларда бериледи. Жоқары классларда сөзлердиң қурылысы, сөзлердиң жасалыўы, сөз шақаплары әдеўир кең бағдарда үйрениледи.

Мектеплерде морфология бойынша мағлыўматлар 5-6-7-классларда бериледи. Оқыўшылар морфологияны үйрениў арқалы тилдиң грамматикалық қурылысын - сөз жасалыўын ҳәм өзгериўин, мәниси бойынша лексика-грамматикалық топарларға ажыратыўды, яғный сөз шақапларына бөлиўди үйренеди. Сөзлердиң мәнилери ҳәм белгилери арқалы бирин екиншисинен айырыў арқалы оқыўшылардың логикалық ойлаўын раўажландырады. Морфологияны оқытыў мектеп оқыўшыларының сөзлик қорының көбейиўине тәсир жасайды. Өйткени олар сөз жасалыўы арқалы пайда болған жаңа сөзлерди, олардың мәнилерин билиў арқалы жаңа сөзлер олардың сөзлик қорына қосылады.

Демек, морфологияны оқытыў арқалы төмендеги теориялық мағлыўматлар бериледи:

1) сөздиң қурылысы, формасы ҳаққында;

2) сөзлердиң лексика-грамматикалық топарлары, яғный сөз шақапларына бөлиниўи туўралы;

3) сөз шақапларының лексика-грамматикалық өзгешеликлери;

4) сөз шақапларын жасаўшы қосымталар, олардың хызмети, орфографиясы;

5) оқыўшылардың сөзлик байлығын раўажландырыў;

6) морфологияны синтаксис пенен байланыслы оқытыў;

Морфологияны оқытыў оқыўшылардың аўызша ҳәм жазба сөйлеўин раўажландырады.

Сөз шақапларын оқытпастан алдын оқыўшыларға сөзлердиң қурылысы, сөз жасалыў усыллары бойынша мағлыўмат бериледи. Түбир ҳәм қосымта, олардың өзгешелиги түсиндириледи. Түбир сөзлердиң мәни билдириўши сөздиң тийкарғы бөлеги, ал қосымталар түбир сөзлерге қосылып жаңа мәнили сөз жасайды ҳәм сөзлерди байланыстырады. Бул теманы түсиндиргенде дәслеп тахтаға түбир сөзлер жазылып, олардың мәнилери түсиндириледи ҳәм оларға қосымталар қосып, олардың мәнилериндеги өзгерислерге итибар бериледи. Мәселен, бил-билим-билгиш-билгир-билиў-билди-билген-билмекши т.б. Сондай-ақ, түбирлес сөзлерди ажыратыў ушын сөзлик дүзиўге үйретемиз. Мысалы: бас, оқы сөзлерине қосымталар қосыў арқалы ондағы қосымталардың хызметин ажыратамыз. Сөз жасаўшы, сөз түрлеўши қосымталарды өткенде, олардың түбирге қосылыў арқалы жаңа сөз жасаў ямаса сөзлерди байланыстырыў хызметинде қолланылыўы бойынша ҳәр қыйлы усыллардан пайдаланыў арқалы сабақ өтиўимизге болады. Сөз жасаўшы қосымталар арқалы жасалған жаңа мәнили сөзлердиң мәнилерин анықлаў, бир неше қосымталарды сөзлерге қосыў арқалы сөз жасаў, кроссворд дүзиў, индектив ҳәм дедуктив усыллардан пайдаланыўға болады. Көргизбели қурал ретинде плакат, кеспе қағазлар, ойынлар шөлкемлестириўге болады.

Қоспа сөзлер ҳәм оның түрлерин оқытқанда қоспа сөзлердеги мәнилик өзгешеликке. айрықша бирикпеген, бириккен, жуп, қысқарған сөзлердиң жазылыўына айрықша итибар бериледи. Қоспа сөз бенен сөз дизбеги салыстырылып үйретилиўи керек, өйткени, қоспа сөзлердиң мәнилик өзгешеликлери, қолланылыўы ҳәм жазылыўын мектеп оқыўшыларының өзлестириўи қыйын. Сонлықтан, муғаллим қоспа сөзлерди оқытыўда ҳәр қыйлы усыллардан, аўызша ҳәм жазба шынығыўлардан,

сөзликлерден, текстлерден пайдаланыў керек. Қоспа сөзлер бойынша сөзлик диктантын, баян жумыслаын алыў арқалы өтилген темаларды беккемлеў мүмкин.

Оқыўшыларға морфология туўралы теориялық мағлыўмат ҳәм әмелий көнликпелерди пайда етиўде дәслеп сөзлердиң жасалыўы ҳәм өзгериўи ҳаққында билим бериледи де оннан соң сөз шақаплары избе-из үйрениледи. Сөз шақапларын бөлек-бөлек үйренбестен алдын сөз шақаплары бойынша улыўма түсиник бериледи. Оқыўшылар сөз шақапларын, олардың лексика-грамматикалық өзгешеликлерин дурыс ҳәм аңсат түсинип алыўына ерисиўимиз ушын сөзлерди сөз шақапларына класификацилап алыўымыз зәрүр. Сөз шақапларының бөлиниўин. олардың өзгешеликлери мысаллар ҳәм ҳәр қыйлы усыллар менен түсиндирип аламыз. Сөзлердиң не ушын мәнили, не ушын көмекши сөз екенлигин ажыратып түсиндиремиз. Демек, тилимиздеги сөзлердиң биреўи заттың атын, екиншиси заттың белгисин, санын ямаса ис-ҳәрекетти билдириўине қарай топарларға бөлиниўин, ал көмекши сөзлердиң жеке турып мәни билдирмейтуғынлығын тек байланыстырыўшы ҳәм қосымша мәни бериў хызметинде қолланылыўын мысаллар, текстлер арқалы түсиндирилип барылады. Бул ушын класс ишиндеги затлардан, сүўретлер, картиналардан пайдалансақ болады.

Жаңа бағдарлама бойынша атлық сөз шақабы 5-6-классларда өтиледи. Атлық сөз шақабы, оның мәниси, сораўлары, бирлик ҳәм көплик санларда қолланылыўы, атлық жасаўшы қосымталар, тартым, сеплик, бетлик қосымталары, олардың хызмети бойынша түсиник бериледи. Атлық сөз шақабын өтиўден тийкарғы мақсет - оқыўшылардың атлық сөзлерди ажырата алыўы, мәнисин билиў арқалы оны қоллана билиўи ҳәм дурыс жазыў көрликпелерин пайда етиў.

Меншикли ҳәм ғалабалық атлықларды өткенде олардың бас ҳәрип ҳәм киши ҳәрип пенен жазыў себеплери анық ҳәм абстракт атлықларда оқыўшылар анық көзге көринген затлар ҳәм көзге көринбейтуғын нәрселерге байланыслы атлықлар ажыратылып, мәнилик өзгешелиги түсиндириледи.

Атлықтың көплик, тартым, бетлик, сеплик, қосымталары өтилгенде көбирек көп ноқаттың орнына тийисли қосымталарды тек адамларға байланыслы қолланылыўы, көплик қосымтасының мәнилик өзгешеликлерине айрықша итибар бериў керек.

Келбетлик сөзлер бойынша оқыўшылар баслаўыш класста тек заттың түрин билдиретуғын сөз шақабы сыпатында биледи. Сонлықтан келбетликлер өтилгенде заттың дәмин (мазалы,ашшы),заттың көлемин (узын,қысқа,жуўан), ўақыт белгиси (азанғы,түски) орынның белгиси (аўылдағы,мектептеги) өлшемге байланыслы (аўыр,жеңил) адамның ҳәр қыйлы сыпатларына, минезине ҳәм тақы басқасына байланыслы (кишипейил, жуўас, жақсы,жаман) сөзлер келбетлик болатуғынлығын кеңирек түсиндиремиз. Қандай? қайсы? сораўына жуўап беретуғын сөзлердиң атлық пенен қатар қолланылатуғын үйретемиз. Қандай көйлек? Қызыл көйлек. Қандай бала? Ақыллы бала. Қайсы жумыс? Кешеги жумыс. Келбетликтең түрлери (сапалық ҳәм қатнаслық) келбетликлердиң өзгешеликлери, келбетлик жасаўшы қосымталар, келбетликтиң дйрежелери, келбетликтиң затласыўы бойынша темалар, мысаллар, шынығыўлар, көргизбели қураллар жәрдеминде түсиндилиледи. Өз бетинше гәп қураў, көп ноқаттың орнына келбетликлерди таўып қойаў, картинаға қарап текст дүзиў ҳәм

онда келбетлик сөзлерди қолланыў арқалы оқыўшылардың келбетлик ҳаққындағы түсиник беккемленеди.

Фейил сөз шақабы тилимизде ең көп қолланылатуғын, лексика-грамматикалық өзгешелиги менен айрылып туратуғын сөз шақапларының бири. Фейиллер 5-6-класcларда бөлинип өтиледи. Дәслеп фейил ҳаққында түсиник, фейилдиң бетлениўи, болымлы ҳәм болымсыз фейиллер, мәнили ҳәм көмекши фейиллер, фейилдиң мәҳәллери (өткен, ҳәзирги, келер)үйрениледи. Ал 6-класста фейилдиң дәрежелери, мейиллери, фейилдиң жасалыўы, келбетлик, ҳәрекет аты, ҳал фейиллер бойынша теориялы мағлуматлар бериледи.

Фейил сөз шақабы өтилгенде көбирек оқыўшылардың сөзлик қурап фейиллер менен байытыў, мәнилес фейиллерди сөйлеўде өнимли қолланыў, сөйлеў шәриятта байланыслы ҳәрекетке байланыслы сөзлерди таңлап қолланыўға итибар бериў зәрүр. Әсилесе, фейиллердиң аўыспалы мәниде қолланылыўына итибар бериледи. Фейил сөз шақабын оқытыўда ҳәр қыйлы ис-ҳәрекетти билдиретуғын сүўретли материалларды қоллансақ болады.

Рәўиш сөз шақабын оқытыўда да олардың мәнилик түрлерине байланыслы оқытылады. Ўақыт, сын, орын, себеп, мақсет, муғдар - дәреже рәўишлериниң мәнилерине, әсиресе олардың жазылыўына итибар бериледи.

Демек, қарақалпақ тилиндеги мәнили сөз шақапларын оқытыўда олардың ҳәр бириниң лексика-симантикалық өзгешелиги есапқа алынады. Оқыўшыларда сөз шақапларының лексикалық ҳәм грамматикалық өзгешеликлерине қарай бир биринен ажыратыў көнликпелерин пайда етиў зәрүр.

Мектеплерде морфологияны оқытыўда ҳәр қыйлы интерактив усыллардан пайдалансақ болады. Бундай усылларға грамматикалық жумбақлар, ролли ойынлар, сүўретлер арқалы текст дүзиў тағы басқалар киреди.

### Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. Сөз жасаў усыллары деген не?
2. Атлық сөз шақабын оқытыўда қандай методлар қолланылады?
3. Келбетлик сөз шақабын оқытыўдың өзгешеликлери.
4. Фейил сөз шақабын оқытыў бойынша өз пикирлериңизди билдириң.

### Әдебиятлар:

1. Бердимуратов Е, Пирниязов Қ. Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыў методикасы. Нөкис,1988.

2. Баймуратов Қ., Кенжебаева Т. Қарақалпақ тили морфологиясын оқытыў усыллары. Нөкис, 1996.

3. Мырзақулов Т. Грамматика уқитишнинг лингвистик асослари. Ташкент, 1994

4. Ўзбек тилини ўқитиш методикаси. Ташкент,2001.

5. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикакасы. Сөз жасалыў ҳәм моряология. Нөкис, 1994.

6. Ғуламов А., Қодиров М. Ўзбек тили ўқитиш методикаси. Тошкент, 2001.

## Көмекши сөзлерди оқытыў.

Жобасы:

1. Көмекши сөзлерди оқытыўдың өзгешеликлери.
2. Тиркеўишлерди оқытыў.
3. Дәнекерлерди оқытыў.
4. Жанапайларды оқытыў.

Көмекши сөзлерде, мәнили сөзлер сыяқлы қарақалпақ тилиниң грамматикалық қурылысында үлкен орын тутады. Сонлықтан оны мектепте оқытыўдың, оқыўшылар толық меңгерип алыўырың әҳимийети уллы. Мектепте көмекши сөзлерди оқытыўда мыналарға итибар бериледи:

- Оқыўшылардың мектапке грамматика бойынша билимин тағы да көмекши сөзлерди үйрениў арқалы толықтырып, барыў көмекши сөзлердиң ҳәр қайсысын өзине тән өзгешеликлерин, оларды бир биринен айыра билиўге үйретиў:

- Мәнили сөзлер менен көмекши сөзлер арасындағы айымашылықларды (мәнилик, грамматикалық) қарым-қатнасларды,оларды бир-биринен ажырата билиўди үйретиў:

- Оқыўшылардың сөйлеў ўақтында көмекши сөзлерди дурыс қоллана билиўин, оларды шатастырмаў жолларын үйретиў:

- Оқыўшыларға көмекши сөзлер бойынша таориялық билим бериў менен бирге сол ийелеген билимлерин әмелде иске асырыў мақсетинде жумыслар ислей билиўге көнликтириў:

- Орфографиялық алған билимлерин және де раўажландырып барыў ушын көмекши сөзлердиң жазылыў қағыйдаларын үйретиў: т.б.

Оқыўшылар көмекши сөзлер бойынша дәслеп баслаўыш клсста әмелий характердеги түсиникке ғана ийе болады. Ал бул бойынша толық теориялық мағлыўмат VI класста бериледи. Оқыўшылар сөз шақапларын үйрениў сабақларында көмекши сөзлердиң түрлери, қолланыўы хызмети т.б.менен танысады.

Көмекши сөзлерди өз алдына бөлек түсиндириў қыйын. Оларды тек гәп ишинде турғанда ғана мәнилик хызмети анықланады. Көмекши сөзлердиң бундай өзгешеликлерин есапқа ала отырып, оқытыў дәўиринде гәп ишинде мәнили сөз шақаплары менен тығыз байланыста алып қараў керек.

Көмекши сөзлер гәптиң хызметине қарай үш түрге - тиркеўиш, дәнекер, жанапай болып бөлинеди. Көмекши сөзлерди оқытыўға мектеп бағдарламасында арнаўлы саатлар ажыратылып, сабақлықта ҳәр бир көмекши сөзге, олардың өзгешеликлерине арнаўлы темалар берилген.

## Тиркеўишлерди оқытыў

Гәпте сөзлердиң грамматикалық байланысын, оқыўшылардың сөйлеў тилин өсириўде айрықша раўажландырыўда тиркеўишлерди дурыс таныў ҳәм дурыс қоллана билиўдиң әҳимийети үлкен.

Олардың гийпараларын салыстырыў арқалы айрым жағдайда гәп ишинде сәйкес формалық эквавалентлер арқалы да аңлаў мүмкүн. Мысалы: Мектепке қарай кетти. Бирақ бул жерде оқыўшының ямаса сөйлеўшиниң пикирин анық жеткериў ушын сөзлердиң гәп ишиндеги дәстүрий байланыстырыў усыллары арқалы теориялық билим бериў ушын арнаўлы түрде тиркеўишлерди тексттен тысқары ҳалда, текст

тийкарында да үйретиў керек болады. Сонда айрым көмекшилик мәниси айрылып турғанда өз алдына мәниге ийе болмайтуғыны анықланады. Буны мысалларда көриўге болады. Айтайық, менен, ушын, соң, кейин, сайын, арқалы, туўралы ҳәм т.б. Мысалы: Ерполат жыйналған адамлар менен хошласып кетти. Ол бул жерге мениң ушын келипти.

Бул мысалларда тиркеўишлер өзинше бөлек турғанда лексикалық мәниге ийе болмай, ал өзи тиркелип келген сөз бенен бирликте ғана лексикалық бирлик сыпатында анықланатуғынлығын оқыўшыларға түсиндирип бериў керек.

Тиркеўишлердиң түрине тоқтағанда, олардың тилимизде көбирек қолланылатуғын қандай түрлери бар екенлигин, ҳәм олар қалай бөлинетуғынлығын айтып келип, мынандай кесте көрсетип келип сол бойынша таллаў ислесе болады:

| Сеплик | Мысаллар | Тиркеўишлер |
|---|---|---|
| Атаў | оқыўшы | менен,ушын,сайын, ҳаққында, туўралы |
| Ийелик | - | - |
| Барыс | оқыўшыға | қарай,таман,қарсы,шекем,дейин |
| Табыс | - | - |
| Шығыс | оқыўшыдан | кейин,соң,гөре,бери,басқа,бөтен |
| Орын | - | - |

Бул кесте бойынша гәп, байланыслы текстлер үстинде шынығыў жумысларын аўызша ҳәм жазба формада исленеди. Грамматикалық мәниси, қайсы сөзлерди ҳәм қалай байланыстырып турғанлығын толықланады, нәтийжеде, тиркеўишлер өзинен бурын келген сөзлердиң белгили бир сепликте турыўын талап ететуғынлығын көреди. Буннан кейин ҳәр қыйлы ҳәм жазба аўызша жумыслар ислеп, олардың қалай жазылып, гәп ишинде қолланыў өзгешеликлерине итибар берип барса болады. Тиркеўишлердиң стильлик қолланыўы бойынша да шынығыўлар шөлкемлестиргенимиз мақул.

## Дәнекерлерди оқытыў

Дәнекерлердиң де тиркеўиш сыяқлы гәп ишинде сөзлерди байланыстырыўда әҳимийети үлкен. Себеби, дәнекерлер түсип қалса гәп мәнисиде қандай да болмасын жетиспеўшилик сезиледи. Мысалы: Ержанды көп күттик, бирақ келмеди. Гүлим менен Айсылыў бир класста оқыйды. Бул мысалларда таллаў арқалы биринշиси гәте екиншиси сөз бенен сөзди қалай байланыстырып турғанлығын, ал дәнекерде қолланбағанда оларды қандай да бир мәнилик жетиспеўшилик болатуғынын дәлиллеўге болады. Усының менен дәнекерлерди тиркеўишлер менен салысиыра үйретиўде пайдалы. Тиркеўишлер менен дәнекерлердиң бир-биринен айырмашылықларын билиўге бағдарлаў оларды анығырақ уғыўға жәрдем етеди.

Мысалы:

| менен-тиркеўиш | менен-дәнекер |
|---|---|
| Мийнет пенен жер көгерер, | Асқар менен Гүлайым, |
| | Азат пенен Амангелди |

Алғыс пенен ар көгерер,(нақыл)  бирге оқыйды.

Сондай-ақ дәнекер сөз бенен сөзди байланыстырып қоймай,ал гәп пенен гәпти байланыстырып келетуғынлығы бойынша синтаксис бойынша билгенлерин еске салып, айрым аўызша ҳәм жазба жумыслар ислетиўде мүмкүн. Мәнилери бир-бирине жақын бир қанша дәнекерлер алынып, олардың қайсы түрин қолланыўы туўралы жумыслар шөлкемлестирилип барса жақсы нәтийже береди.

Мысалы:

1. Азат,Амангүл келди.
2. Азат ҳәм Амангүл келди.
3. Азат пенен Амангүл келди.
4. Азат тағы Амангүл келди.
5. Азат та Амангүл де келди. ҳәм т.б.

Бул гәплерде бир бириктириўши дәнекерди қолланғанда,олардың мәнилеринде тиккелей өзгерис ушрамағаны менен олардың мәнилеринде тиккерей өзгерис ушрамағаны менен олардың мәнилик өзгешелиги азда болса қандай да бир айырмашылықлардың барлығын аңғарыўға болады. Сонлықтан гәпти сөздиң мәнилерине пикирге үйлесетуғын ғана дәнекерлерди таўып қойыў, қолланыў керек екенлине дыққат аўдарылады. Дәнекер оқыўшылардың орфографиялық, пунктуациялық, қағыйдаларды толық менгериўине гәп қураўдағы стильлик шеберлигиниң артыўына сөйлеў саўатлылығының раўажланып барыўына жәрдем етеди. Бул жағдайларды болдырыў мақсетинде жумыслардың ҳәр қыйлы түрде уйымласыўына көбирек итибар бериў керек.Мысалы:

1. Бирақ, я, және дәнекерлерин келтирип,ядыңыздан бир неше гәп қурап жазың, айтың.

2.  Муғаллимниң берген текстинен дәнекерлерди табың ҳәм оның қандай сөзди, гәпти байланыстырып турғанлығын айтып бериң.

3. Текстten дәнекерлерди таўып,олардың мәнисине қарай қайсы түрге жататуғынлығын айтып бериң.

4 .Берилген текстлердеги дәнекерлерди мәниси бойынша мына схемаға түсирип ҳәм мысаллар келтирип, мәнисин салыстырың ҳәм анықлаң.т.б.

5. Дәнекерлерлиң түрлерине мысаллар жазың,қолланыўына таллаў жасаң.

6. Мәнилес дәнекерлерге мысаллар ойлап табың.

Буннан басқа да сөзлерди байланыстырып турған дәнекерлердиң орнына көп ноқат (...) оларға тийисли дәнекерлерди таўып қойыў,сөзди гәпти байланыстырып, турған дәнекерлер орнына синонимлес дәнекерлерди қойып көриў менен мәнисине итибар бериў, булар бойынша ҳәр қыйлы жазба жумыслар өткериўге болады. Оқыўшылар көпшилик жағдайда гәп арасын,гейде сөзлердиң арасын байланыстыратуғын дәнекерлердиң пурктуациялық белгилерин қойыў үстинде қыйналады. Сонлықтан бул үстинде де көбирек шынығыў өткериў керек болады.

## Жанапайларды оқытыў

Жанапай сөзлер көмекши сөзлердиң ишинде өзинде айрықша өзгешеликлери менен айрылып турады. Буны өзиниң формалық,орфографиялық ҳәм орфоэпиялық

өзгешелиги менен характерленеди. Мектепте олар өзлериниң усы тәреплерине байланыслы жазыў да бираз қыйыншылықларды туўдырып киятыр.

Дәслепки сабақларда сөз шақаплары ретинде оның грамматикалық белгилери,мәниси бойынша түрлери ҳәм гәптеги хызмети түсиндирилеworth. Онда жанапайлар басқа көмекши сөзлер менен салыстырыў арқалы үйретиў талап етиледи. Бул ушын әдетте әмелий характердеги сәйкес мысаллар таярланыўы тийис. Онда көмекши сөзлердиң басқа түрлери ҳәм жанапайлар қолланылған болыўы шәрт. Гәплер көрсетпели қурал сыпатында таярланған таблицаларда яки тахтаға жазылады. Көмекши сөздиң мәнилик белгиси,формасы ҳәм қолланыў орны, қатнаслы сөзи анықланады. Таллаў жасалады.Сол арқалы жанапайлардың белгилерин айырады.Кейин гәпти аламыз. Оның биринширин жарапайсыз, екиншисин жанапайлы пайдаланамыз. Мысалы:

Сиз жазда аўылға барасыз.

Сиз жазда аўылға барасыз ба? Бунда „ба“жанапайы қосылып, гәпти қайтадан дүздиргенде оқыўшылар жанапайды гәпке, гәптеги сөзге қосылғанда қосымша мәни беретуғынлығын тез ақ аңғарып алады.

Усылай етип олар бир неше гәп үстинде таллаў жасап, жанапайлардың сөзге, гәпке қарай қосылатуғынлығын, мәрисин түсиндириўге болады.

Әсиресе тема бойынша таллаў жасаған ўақытта:

1. буның көмекши сөз екенлиги;
2. тек басқа сөзлерге ғана тән қосылып қолланылатуғынлығы;
3. және бир сөзге ямаса гәпке қосылып қосымша мәни беретуғынлығы;
4. жанапай сөзлер мәнилик жақтан ҳәр қыйлы, оны тек контекстте ғана аңғара алатуғынымызды;
5. жанапай сөзлердиң ишинде айрымлары сөйлеўшиниң гәптеги пикирине қатнасын көрсететуғынлығын ҳәм айрымлары жаңа сөзлер дөретиў, форма жасаў қәсийетлерине де ийе екенлигин;
6. жанапай сөзлер мәнисине қарай ҳәм гәп ишиндеги қызметине қарай отырып, бир неше топарларға бөлинетуғынлықлары туўралы мағлыўмат бериледи, сабақлықта берилген анықлама айтылады;

Демек, бул теориялық анықлама исенимли тил фактлерин таллаў жасаўдың барысынан келип шығады. Мысаллар үстинде ислеў,избе-излик пенен таллап, оқыўшыларды белгили бир жуўмаққа келтириў керек.

Бул оқытыўдың дөретиўшилик жақтан сапалығын болдырыўға себепши болады. Түрли мысаллар тийкарында жанапайларды түрлери бойынша шынығыў жумысларын орынлағаннан кейин, төмендеги схеманы пайдаланыў мүмкүн:

Ж А Н А П А Й Л А Р:

1. Сораў, 2.Айырыў,3.Күшейтиў, 4. Болжаў, 5.Салыстырыў.

1. Сораў - ма,ме,ба,бе,па,пе,ша,ше.
2. Айрыў - ғана,тек.
3. Күшейтиў - ақ.ғой,да,де,та,те.
4. Болжаў,мысқыллаў - мыс,мис,мыш,миш,аў,ай.

5. Салыстырыў - қурлы,қурлым,туўе.

Оннан кейин оқыўшылардың өзлерине мысаллар таптырып,гәп дуздириледи.Айрым жағдайларда оқытыўшылар менен жанапайлардың сыңарлары сөзлердиң алдына келеди, қайсылары сөздиң соңында келеди, гәп ортасында кейнинде қолланылатуғынлығы талланады. Булар барлығында да оқыўшының жанапайлардың сөзге ҳәм гәпке қосымша мәни бериўдеги хызметин дурыс аңлаў бағдарында исленеди.

Соның менен жанапай сөзлерди оқыўшылар дурыс интанация менен оқыўы ҳәм айта алыўына кеўил бөлиў керек. Бул да шынығыў жумыслары да исленеди.

Жанапай сөзлердиң жазылыў мәселесинде оқыўшылар көбирек алжасады. Себеби орфографиялық жазылыў қәдеси бойынша олардың көпшилиги сөзлерден дефис (-) пенен жазылса,көпшилиги бөлек жазылады. Сонлықтан бул бойынша жумыслар ислеўге туўра келеди. Мәселен: қандай жағдайлар есапқа алынып жанапайлардың бир бөлеги дефис (-) арқалы,ал көпшилиги дефиссиз бөлек жазылыў норма сыпатында белгиленгенлигин толық уқтырыў ҳәм буған көнликтириў жағдайларын есапқа алып жумыс ислеў.

Бул ушын қарақалпақ тилиниң орфографиялық қағыйдаларының жыйнағы,мектеп орфографиялық сөзлиги класста ҳәм класстан тыс жумысларды шөлкемлестирген мақул болады.

## Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. Көмекши сөзлерди оқытыў қандай өзгешеликлерге ийе?
2. Тиркеўишлерди оқытыў қандай  өзгешеликлерге ийе ?
3. Дәнекерлерди оқытыў қандай  өзгешеликлерге ийе ?
4. Жанапайларды оқытыў қандай  өзгешеликлерге ийе ?

## Әдебиятлар:

1.  Бердимуратов Е, Пирниязов Қ. Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыў методикасы. Нөкис,1988.

2. Баймуратов Қ , Кенжебаева Т. Қарақалпақ тили морфологиясын оқытыў усыллары. Нөкис, 1996.

3. Мырзақулов Т. Грамматика уқитишнинг лингвистик асослари. Ташкент, 1994

4. Ўзбек тилини ўқитиш методикаси. Ташкент,2001.

5. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикакасы. Сөз жасалыў ҳәм моряология. Нөкис, 1994.

6. Ғуламов А., Қодиров М. Ўзбек тили ўқитиш методикаси. Тошкент, 2001.

## Синтаксисти оқытыў методикасы

### Жоба:

1. Синтаксисти оқытыўдың әҳмийети ҳам ўазыйпалары.
2. Сөз дизбеклерин оқытыў.
3. Жай гәплер ҳәм оның түрлерин оқытыў.

4. Гәп ағзаларын оқытыў.

5. Қоспа гәплерди оқытыў усыллары.

Синтаксистиң тийкарғы бирлиги сөз дизбеги ҳәм гәп. Синтаксис тил билиминиң лексикология, фонетика, морфология, пунктуация ҳәм сөйлеў мәденияты, стилистика менен байланыслы үйрениледи.

Синтаксис ең дәслеп морфология менен салыстырылып үйрениледи. Мәселен, сөз шақаплары ҳәм гәп ағзалары арасындағы байланыс ҳәм өзгешеликти түсиндириў зәрүр. Оқыўшылар текстти дурыс, көркемлеп оқыўы ушын синтаксисти жақсы өзлестириў керек. Текстти қандай интонацияда оқыўды билиў ушын хабар, сораў, буйрық, үндеў гәплердиң интонациялық өзгешелигин дурыс өзлестирип алыў зәрүр. Себеби айырым жағдайларда гәптиң мазмунына, иркилис белгилери интонацияға байланыслы болады. Мысалы: Гүлжан апам мектепте ислейди. Гүлжан, апам мектепте ислейди. Бул гәплерде мазмун интонацияға байланыслы еки түрли мазмунды аңлатып тур.

Бул мысаллар арқалы синтаксисти оқытыўдың қурамалылығы ҳәм қызықарлы екенлигин көрсетеди.

Синтаксисти оқытыўда оқыўшылардың стилистикалық көнликпелери беккемленип барады. Бул ушын ҳәр бир тема өтилгенде оқыўшылардың сөйлеўин раўажландырыўға айрықша дыққат бериледи.

Синтаксистеги қағыйдалар оқыўшылардың пикирлеў қәбилетин, ойлаўын өсирип, раўажландырып барады. Гәп-пикирди жазба ҳәм аўызеки түрде билдириўдиң тийкарғы формасы. Адамлар өз пикирлерин, реал дүньяда көрген билгенлерин гәп жәрдеминде билдириў имканиятына ийе болады. Демек, оқыўшылар гәп ҳаққындағы қағыйдаларды үйренип, ўақыя ҳәм ҳәдийселер арасындағы байланысты үйретеди. Бул, әсиресе гәп ағзалары ҳәм олар арасындағы грамматикалық ҳәм логикалық қатнасларда анық көриў мүмкин.

Гәп ағзаларын анықлаўда грамматикалық формалар тийкарғы орынды ийелейди. Мәселен, анықлаўыш, толықлаўыш, пысықлаўыш, граматикалық формасы, сораўы арқалы ажыралып турады. Бирақ, бул барлық ўақытта туўры келе бермейди. Мысалы: <u>Китап</u>-билим булағы. <u>Китап</u> оқыдым. Бул мысаллардың биринширинде <u>китап</u>-баслаўыш, ал, екиншисинде <u>китап</u>-толықлаўыш (жасырын табыс сеплигинде). Бундай жағдайда сөзлер арасындағы синтаксислик қатнас есапқа алынады.

Егер оқыўшы гәптеги сөзлердиң мазмунын ҳәм форма жағынан байланысын дурыс анықлай алса, гәп ағзаларына дурыс таллаў жасайды.

Синтаксисти оқытыўда оқыўшыларға сөз шақаплары менен гәп ағзалары арасындағы байланыс ҳәм айырмашылықларды түсиндирип барыў зәрүр.

Синтаксис бойынша дәслепки мағлыўматты оқыўшылар баслаўыш класларда үйренеди. баслаўыш класларда гәптиң түрлери-хабар, сораў, буйрық, үндеў гәплер, гәп ағзалары-бас ағзалар ҳәм екинши дәрежели ағзалардың сораўлары менен танысады. Ал,V ҳәм VIII класларда синтаксис бойынша толық мағлыўмат бериледи. Жай гәп ҳәм оның түрлери өтилгенде, гәптиң тамамланған ой-пикирди билдириўи, тутас интонация менен айтылыўы түсиндириледи.

Хабар, сораў, буйрық, үндеў гәплерди өткенде сөйлеўшиниң айтылажақ ой-пикирге қатнасы анық көринеди. Ҳәр бир гәп айтылыў интонациясы, грамматикалық дүзилиси, баянлаўыш формалары менен ажыралып турады. Муғаллим сабақты тахтаға алдын ала таярланған мысалларды талқылаўдан баслаў керек. Оқыўшылардың өзлерине мысалларды оқытып, олардағы мазмун ҳәм интонациялық өзгешеликти өзлерине анықлатыў зәрүр. Кейин оқыўшылардың өзлерине мысаллар айтқызыў арқалы, хабар гәпти, сораў, буйрық гәплерге айландырыў арқалы түсиникли беккемлеўге болады. Бунда муғаллим оқыўшыларды диалог формасында сөйлестириў арқалы, гәпти дүзиўге оны интонациялық жақтан дурыс айтыўға үйретеди.

Сөз дизбеги-синтаксистиң тийкарғы бирлиги. Сөз дизбегин оқытыўда дәслеп сөзлерден сөз дизбегин пайда етиў усылларын үйретиў зәрүр. Мәселен, жақсы сөзи қандай сөзлер менен дизбеклесе алады. Жақсы оқыўшы, жақсы адам, жақсы гәп, жақсы оқыў, жақсы ислеў ҳ.т.б.

Сөз дизбеклерине гәп дүзиўге үйретилип барылады. Оқыўшылар сөз дизбеклерин қоспа сөзлерден, гәплерден, турақлы сөз дизбеклеринен ажыратыўда қыйналады. Сонлықтан, муғаллим сөз дизбегин түсиндириўде төмендегилерди мақсет етип қояды.

-сөз дизбеги менен қоспа сөзлер, турақлы сөз дизбеклери арасындағы парықты айыра билиў;

-сөз дизбегиндеги сөзлерди байланыстырыўшы қуралларды анықлаў ҳәм бас сөз арқалы бағыныўшы сөзге сораў қоя билиўи;

-гәптеги сөз дизбеклерин ажырата билиўи ҳәм оларға мәнилес сөзлерден гәп дүзе билиўи.

Сөз дизбеклерин оқытыўда синтаксислик байланыстың түрлери де қосымша түсиндирилип барылады.

Жай гәплердиң дүзилиси бойынша түрлери өтилгенде оқыўшыларға бир сөзден, бир неше сөзден ҳәм бир неше гәптен гәплер дүзилетуғынлығы түсиндириледи. Кеңейтилмеген ҳәм кеңейтилген гәплер өтилгенде муғаллим дәслеп тек бас ағзалар қатнасында гәплерди тахтаға жазады. Мысалы, Оқыўшылар келди. Ерик гүлледи. Жай салды т.б. Кейин оқыўшылар бул гәплерди кеңейтип гәп дүзеди. Бул арқалы оқыўшылар кеңейтилмеген ҳәм кеңейтилген гәплер, олардың қолланылыўөзгешелигин түсинип алады.

Синтаксисти оқытыўда гәп ағзаларын оқытыўдың әҳмийети үлкен. Гәптиң грамматикалық тийкары-бас ағзалар ҳәм екинши дәрежели ағзалар бойынша түсиник бериў арқалы оқыўшылар гәп қурай билиўге, өз пикирлерин гәп арқалы анық, дурыс айта билиўге үйренеди.

Гәптиң тийкарын бас ағзалар қурайды. Муғаллим тек бас ағзалардың қатнасында гәплер жазып, олардың билдирилиўи, сораўлары, қоспа ҳәм кеңейтилген ағзалар бойынша мағлыўмат береди.

Әсиресе, баянлаўыштың гәптеги орайлық ағза екенлиги түсиндирилиўи зәрүр. Баянлаўышқа, атаўыш ҳәм фейил баянлаўышларға сораў қойыў, баянлаўыш арқалы гәпти кеңейтиў арқалы түсиндирилип барылады.

Гәптиң мазмунын кеқейтиўде, пикирди толық жеткериўде екинши дәрежели ағзалардың хызмети үлкен. Сонлықтан анықлаўыш, пысықлаўыш, толықлаўышларды

оқытыў олардың өзгешелигин түсиндириў талап етиледи. Гәп ағзаларын оқытыўда да жаңа усылларды пайдаланыўға болады. Сондай-ақ, синтаксисте биргелкили ағзалы, айырымланған ағзалы, қаратпа ҳәм кирис ағзалы гәплерди оқытыўда өзине тән өзгешеликке ийе. Бул темаларды оқытыўда олардың тек форма тәрепи емес, мазмундағы өзгешеликлери де түсиндирилиўи зәрүр. Синтаксисте қоспа гәплерди оқытыў муғаллимнен үлкен таярлықты талап етеди. Қоспа гәплер 9-класста өтиледи. Муғаллим дәслеп қоспа гәплер менен жай гәплер арасындағы өзгешеликти түсиндирип алады. Қоспа гәп қурамындағы жай гәплердиң байланысыў усылына қарй түрлери: 1. дизбекли қоспа гәплер; 2. бағыныңқылы қоспа гәплер бойынша мағлыўмат бериледи. Қоспа гәплерди оқытыўда муғаллим төмендегилерди мақсет етип қояды:

-тексттеги берилген гәплерди жай ҳәм қоспа гәплерге ажыратыў, қоспа гәп қурамындағы жай гәплерди анықлаў, олардың байланысыў усылларын, иркилис белгилерин анықлаў;

-дизбекли қоспа гәплердиң байланысыў усылларын. дәнекерли, дәнекерсиз байланысыўына байланыслы түрлерине ажыратыў;

-бағыныңқылы қоспа гәплердеги бас ҳәм бағыныңқы компонентлердиң байланысыў усылларын, олардағы мәнилик қатнасты анықлаў ҳәм бағыныңқылы қоспа гәплердиң түрлерине ажыратыў, иркилис белгилерине итибар бериў;

Қоспа гәплерди оқытыўда муғаллим жай гәплерди байланыстырып қоспа гәплер дүзиўге үйретеди.

Синтаксистеги және бир темалардың бири-туўра ҳәм өзлестирилген гәплер. Бунда оқыўшылар тексттен басқаның гәпин ажырата билиўи, олардың дүзилислик өзгешелигин анықлаўы, туўра гәплерди өзлестирилген гәплерге айландырыў, олардың иркилис белгилерин жақсы өзлестирип алыўы зәрүр.

Синтаксисти оқытыўда тил илиминиң басқа тараўлары менен байланыстырып оқытыў талап етиледи. Синтаксис стилистика менен байланыслы оқытылады. Оқыўшыларды гәп дүзиўге, текстти таллаўға, өз бетинше текстлер дүзиўге үйретип барылады.

## Сораўлар ҳәм тапсырмалар

1. Синтаксисти оқытыўдың мақсети ҳәм ўазыйпалары неде?
2. Жай гәплерди оқытыўда нелерге итибар бериў керек?
3. Гәп ағзаларын оқытыўда қандай усылларды қолланыўға болады?
4. Қоспа гәплерди оқытыўдағы жаңа усылларды айтып бериң.

## Әдебиятлар:

1. Қутлымуратов Б. Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыўдың айырым мәселелери. Нөкис, 1995.

2. Ўзбек тилин ўқитиш методикаси. Тошкент, 1975.

3. Ғуломов А., Неъматов Ҳ. Она тили таълими мазмуни. Тошкент, 1995

4. Ғуламов А., Қодиров М. Ўзбек тили ўқитиш методикаси. Тошкент, 2001.

## Жазба жумысларды өткериў ҳәм баҳалаў усыллары

Жоба:

1. Жазба жумыслардың түрлери: диктант, баян, шығарма жумыслары

2. Жазба жумысларды өткериў.

3. Жазба жумысларды баҳалаў усыллары.

Оқыўшылардың жазба саўатлығын, ойлаў қәбилетин, өз бетинше пикирлеўин раўажландырыўда жазба жумыслардың әҳмийети үлкен. Жазба жумысларға диктант, баян, шығарма жумыслары киреди. Булар оқыўшылардың жас өзгешелигине байланыслы өткериледи.

Орта мектеплерде дәслеп диктант, кейин баян, шығарма жумыслары өткериледи. Себеби олар көлеми, мазмуны бойынша бир-биринен парқ қылады. Мектеплерде орфографияны оқытыўда диктант айрықша әҳмийетке ийе. Бул арқалы оқыўшылар орфографиялық қағыйдаларды, пунктуацияны жақсы өзлестиреди. Диктант өткериўде муғаллим сөзлерди айтып жаздырады, ал оқыўшылар грамматикадан үйренген теориялық билими арқалы өзинше жазады. Диктанттың бир неше түрлери бар: түсиндириў, ескертиў, таңлаў, еркин, искерлик, сөзлик ҳәм тексериў диктанты. Мектеп практикасында ең көп қолланылатуғын тексериў диктанты болып есапланады.

Баян жумысы-оқыўшылардың сөлеў ҳәм жазба тилин раўажландырыўда қолланылатуғын жазба жумыстың бир түри. Баян жазыў бул оқығанын, яки еситкенин жазба түрде бериў. Баян ҳәм шығарма өткериў-бул оқыўшының сөзлик хорын байып раўажланыўына, тил мәдениятының қәлиплесиўине, сөзлердиң гәптеги орын тәртибин дурыс сақлаўына тиккелей тәсир жасайды.

Қарақалпақ тилинен баян өткериўде муғаллим тек текст бойынша өткере берместен, көрсетип, еситкенин жаздырыў арқалы да өткериўге болады.

Баян өткериў ушын муғаллим дәслеп оқыўшыларға 3-4 күн бурын ескертеди. Тийисли қағыйдаларды оқып келиў тапсырылады.

Баянның тексти муғаллим тәрепинен оқылады ҳәм мазмуны түсиндириледи. Баянның жобасы дүзилип, тахтаға жазып қойылады. Оқыўшыларға абзацларды оқытып, мазмунын сөйлеттириў керек. Кейин оқыўшылар түсинигин жазба түрде баянлайды. Баян жумысын өткериўде тексттиң тәрбиялық тәрепине итибар бериў керек. IV-V классларда аўызша ҳәм жазба баянлаў ушын кишкене, қызықлы, мазмунлы текстлер-ертек, тымсал, гүрриңлер таңланады. Ал VI класста көлеми кеңейеди. Тарийхый ўақыялар, дослық, Ўатан, тәбият, мийнет ҳаққында текстлер, фольклорлық шығармалар таңлап алынады.

Баян мазмунына, көлемине, мақсетине байланыслы түрлише болады. Баян мазмуны бойынша жай, хабарлаў талқылаў формасында, мақсетине қарай үйретиўши, көлемине қарай-қысқа ҳәм кеңейтилген түрде, текстке байланыслы яки еркин баянлаў тринде, аўызша яки жазба түрде өткериледи.

Баян төмендеги тәртипте өткериледи:

1. муғаллим баянның темасын, мақсетин түсиндиреди;

2. муғаллим текстти көркем етип оқып береди;

3. айырым қыйын сөзлердиң жазылыўы, мәниси түсиндириледи;

4. муғаллим мазмунын дәслеп өзи түсиндирип береди, кейин оқыўшылар сөйлеп береди;

5. жоба дүзилип, тахтаға жазылады;

6. текстти екинши мәрте оқып береди;

7. текст мазмунын оқыўшылар өзинше жазыўға кириседи.

Шығарма-оқыўшылардың сөзлик байлығын раўажландырыў, дөретиўшилик қәбилетин өсириў ушын өткерилетуғын пайдалы ҳәм қоспа жазба жумыслардың бир түри. Шығарма жазыў арқалы оқыўшылардың өз бетинше пикирлеўи қәлиплеседи. Өз пикирин жазба түрде избе-из баянлаўға үйренеди. Шығарма жумысларының бир неше түри бар. Көркем әдебий шығарма, илимий шығарма, еркин шығарма, әдебий дөретиўшилик шығарма т.б.

Көркем әдебий шығармада белгили бир темада оқыўшы өз пикирлерин көркем образлы етип жазады. Илимий шығармада оқыўшы оқыған шығармасына илимий талқы жасайды. Ондағы образларға өз пикирин билдиреди. Еркин шығарма-белгили бир тема бойынша ("Өзбекстан- Ўатаным мениң", "Мениң сүйген кәсибим" ҳ.б.) өз пикирлерин жазба түрде баянлайды. Әдебий дөретиўшилик шығармада оқыған көркем шығармасындағы образларға талқы жасалады. ("Алпамыс" дәстанындағы Алпамыс образы ҳ.б.)

Шығарма класста, яки үйде жазылыўы мүмкин. Шығармалар оқыўшылардың жас өзгешелигине байланыслы өткериледи. Шығармалар әдебий шығармаларға байланыслы ҳәм еркин темалар бойынша жазылады. Әдебий шығармалар бойынша шығармалар өтилген темалар, оқыўшыларға таныс образлар бойынша жазылады. Ал, еркин темадағы шығармалар оқыўшылардың көргенлери, еситкенлери бойынша, картиналар ямаса саяхатқа шығып көргенлери бойынша жазады.

Оқыўшылар шығарманы жоба бойынша жазыўға үйрениў керек. Шығарма жоба бойынша жазылғанда ғана пикирлер избе-из, анық баян етиледи. Жоба кирисиў, тийкарғы ҳәм жуўмақ бөлимлеринен турады. Оқыўшылар жоба дүзиўде қыйналады. Сонлықтан муғаллим жоба дүзиўде жәрдем бериў керек.

Ҳәзирги дәўирде шығарма жазыўда көбирек еркин темалар таңлап алынады. Картина бойынша шығарма жазыў, саяхатқа шығыў бойынша шығарма жазыў көбирек усынылады. Өйткени, оқыўшылар көрген нәрселер бойынша өз пикирлерин еркин айта алады.

Жазба жумысларды тексериў муғаллимнен үлкен жуўапкершиликти талап етеди. Өйткени, жазба жумысты дурыс баҳалаў әҳмийетке ийе. Диктант жумысын баҳалаўда көбирек оқыўшының жазба саўатлығы, орфографиялық ҳәм пунктуациялық қәтелери есапқа алынады. Ал, баян, шығарма жумысларын тексериўде жобаның дурыс дүзилиўи, оның текст мазмунына сәйкеслиги, гәплердиң дурыс дүзилиўи ҳәм избе-из берилиўи, орфографиялық, пунктуациялық, стилистикалық нормаларды дурыс сақлаўы есапқа алынады. Жақсы жазылған жумыслар оқыўшыларға үлги етип көрсетиледи.

Оқыўшылардың жазба жумысларын ўақтында тексерип, оларды әдил баҳалаў-үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе. Оқыўшы ол жумысқа өзиниң бар билимин жумсаған, сонлықтан оның нәтийжесинде үлкен қуўаныш пенен қарайды. Жумысты баҳалаў оқыўшының белсендилигине, билим алыўына, пәнге қызығыўшылығына тәсир

жасайды. Муғаллим жазба жумысына өзи қойған баҳаға оқыўшыны исендире билиўи керек.

Оқыўшылардың жазба жумысларындағы қәтелерге қойылған норма төмендегише: жумыста ҳеш қәте болмаса, ямаса 1 орфографиялық, 1-2 пунктуациялық қәте жиберсе "5" баҳасы қойылады; 2-3 орфографиялық, 3-4 пунктуациялық қәте болса "4" баҳасы, 4-5 орфографиялық, 6-7 пунктуациялық қәтеси болса "3" баҳасы қойылған нормадан зыят 5:9, 6:6, 7:7, 8:6 болса "2" баҳасы қойылады.

Жазба жумыслары баҳаланғанда жазыўы, таза жазылыўы да есапқа алынады. баян, шығарма жумысларында пикирди избе-из баянлаў, гәплерди дурыс дүзиўи де есапқа алынады. Буннан кейин муғаллим оқыўшылар менен қәтелер үстинде жумыс ислейди.

Ҳәзирги дәўирде оқыўшылардың билимин баҳалаўдың рейтинг системасы да енгизилип атыр.

### Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. Жазба жумыстың қандай түрлери бар ҳәм олар қалай өткериледи?
2. Жазба жумыслар қалай баҳаланады?

### Әдебиятлар:

1. Қутлымуратов Б. Қарақалпақ тилин оқытыўдың айырым мәселелери. Нөкис, 1992.
2. Қутлымуратов Б. Қарақалпақ тили орфографиясын оқытыў усыллары. Нөкис, 1993.
3. Ғуломов А., Неъматов Ҳ. Она тили таълими мазмуни. Тошкент, 1995.
4. Ғуламов А., Қодиров М. Ўзбек тили ўқитиш методикаси. Тошкент, 2001.

## Қарақалпақ тилин оқытыўда оқыўшылардың сөзлик байлығын раўажландырыў

### Жобасы:

1. Оқыўшыларды мәнили, анық, дурыс, таза сөйлеўге үйретиў.
2. Оқыўшылар сөзлик байлығын раўажландырыў жоллары.
3. Сөзлик байлығын раўажландырыўда жаңа усыллардан пайдаланыў.

Сөйлеў-адамның тилден пайдаланыўының сыртқы көриниси. Сөйлеў арқалы адамның раўажланыў дәрежеси, саўатлығы, мәденияты көринеди. Оқыўшыларда жазыў, сөйлеў қәбилетин раўажландырыўда ана тилиниң әҳмийети үлкен.

Бул туўралы уллы рус педагоги К.Д.Ушинский: "Ана тили-пүткил ақыл-ойды раўажландырыўдың тийкары ҳәм барлық билимлердиң ғәзийнеси"-деп жазған еди.

Қарақалпақ тилин оқытыўда оқыўшыларға тек билим берип ғана қоймастан олардың сөзлик байлығын раўажландырып, мәнили, анық, таза сөйлеўге үйретип барыўымыз зәрүр.

Баланың билими, дүньяға көзқарасы раўажланып барған сайын оның ойы, сөйлеўи раўажланып барады. Сонлықтан оқыўшылардың дәслеп ойлап, кейин сөйлеўине итибар бериў керек. Қарақалпақ нақыл-мақалаларындағы "Әдеп ойла, кейин сөйле", "Ойланбағанның түби ўайран" деген пикирлер бийкарға айтылмаған.

Демек, мәнили сөйлеў оқыўшының айтажақ ой-пикирин дәслеп ойлап, кейин сөйлеўинен келип шығады. Гейде оқыўшылар өз пикирин ойланбастан айтады.

Оқыўшы дурыс сөйлеўи ушын әдебий тил нормаларын сақлап, өз ойын толық бере алыўы талап етиледи. Бул ушын оқыўшы грамматиканы жақсы өзлестирип, гәптеги сөзлерди бир бири менен дурыс байланыстыра билиўи керек. Сөзлерди орны-орнында, servicesкеркли жеринде қоллана билиўи зәрүр.

Анық ҳәм дәл сөйлеў ушын оқыўшының сөзлик байлығы жетерли болыўы талап етиледи. Сөзлик байлығы, ана тили бойынша теориялық билими жетерли болса, оқыўшы муғаллим берген сораўларға анық ҳәм дәл жуўап бере алады. Муғаллим оқыўшының ҳәр бир жуўабын қадағалап, қалай жуўап берип атырғанлығын бақлап барыўы зәрүр.

Сондай-ақ, қарақалпақ тилин оқытыўда оқыўшылардың ана тилинде таза сөйлеўиниң әҳмийети үлкен. Өйткени, бир тилдиң екинши тилге тәсири нәтийжесинде басқа тилдеги сөзлерди өз тилимизде сөзлер болыўына қарамастан қосып сөйлеў, шубарлап сөйлеў жағдайлары ушырасады. Көпшилик оқыўшылар бундай етип сөйлеў арқалы өзин мәдениятлы етип көрсеткиси келеди. Керисинше, бул тилди бузып сөйлеў, өз ана тилинде таза сөйлеўге иркиниш жасайды. Сонлықтан биз оқыўшылардың ана тилинде таза сөйлеўине айрықша итибар бериўимиз керек.

Көркем сөйлеў ямаса көркем оқыў оқыўшыдан гәплерди интонациялық жақтан дурыс, әдебий тил нормаларын сақлап сөйлеўди талап етеди. Текстлерди оқығанда, гәплерди айтқанда гәплердиң грамматикалық дүзилисине байланыслы интонациялық жақтан гәптиң мазмунына байланыслы даўыс толқыны менен оқыў керек. Мәселен, хабар, сораў, буйрық, үндеў гәплердиң өзине тән интонациялық өзгешеликлерине ийе.

Демек, оқыўшылардың сөзлик байлығы ана тил сабақлары менен бирге радио, телевидение, арқалы, газета-журналларды, көркем шығармаларды оқыў арқалы раўажланып барады.

Оқыўшылардың сөзлик байлығын раўажландырыўға тил илиминиң барлық тараўларын оқытыўда айрықша итибар бериў керек. Муғаллимниң өзи сөзлик байлықты раўажландырыўда тийкарғы орында турады. Муғаллимниң сабақта анық, мазмунлы түсиндириўи, муғаллимниң сөйлеўи, жазыўы, үлгили болыўы тийисли.

Сөзлик байлықты раўажландырыўда сөзликлердиң әҳмийети үлкен. Сөзликлер арқалы оқыўшылар сөзлердиң мәнилерин, оларды қолланыўды үйренип барады. Түсиндирме, синонимлер, антонимлер сөзлиги, фразеологиялық сөз дизбеклери сөзлиги, аўдарма ҳ.б. сөзликлер оқыўшылардың сөзлик хорын көбейтиўге жәрдем етеди. Сондай-ақ, оқыўшылардың сөз байлығын раўажландырыўда китаптың орны айрықша. Китап, газета-журналлар оқыса, театрларға барса, радио еситип, телевизор көриў де жақсы тәсир жасайды. Бирақ булардың барлығын да орынлы пайдаланыў керек.

Мектепте өткерилетуғын әдебий кеешелер, жарыслар оқыўшының сөзлик байлығын раўажландырыўға себепли болады. Мектепте муғаллим оқыўшыға бирден қарақалпақ тилиниң сөзлик қурамын үйретип шыға алмайды. Ол мектепте, үйде, жасаған орталығында толықтырылып барылады. Муғаллим оқыўшының сөзди қалай пайдаланыўын, дурыс қолланыўын қадағалап барыўы керек. Оқыўшыда сөзлик дәптер

болып, егер түсиниксиз сөзлер сабақлықта, текстте, шынығыўларда ушырасып қалса, мәнисин сөзлик дәптерге жазып барыўы тийис. Сөзлик байлық басқа пәнлерди оқыў арқалы да жетилисип барады. Математика, география, химия, тарийх ҳ.б. пәнлерди оқыўда олардағы терминлер, олардың мәнисин үйренип барады.

Ҳәзирги дәўирде мектеплерде сабақты жаңа педагогикалық технологияда оқытыўда оқыўшылардың сөзлик байлығын раўажландырыўға айрықша дыққат қаратылған. Бул ушын сүретлерге қарап текст дүзиў, өз бетинше баян, шығарма жумысларын жазыў, экскурсия бойынша шығарма, әтираптағы ўақыя-ҳәдийселерге өз пикирлерин билдириў ҳ.б. жумыслар ислеў мақсетке муўапық келеди. Ҳәр қыйлы ойынлар, кроссвордлар, жарыслар, әдебий кешелер оқыўшыларды өз бетинше ойлаўға, пикирлеўге үйретеди. Көпшилик жағдайларда муғаллим оқыўшыларға грамматикалық қағыйдаларды үйретеди де, сөзден пайдаланыў жолларына, сөзлик байлығын асырыўға дыққат берилмейди. Сонлықтан, көпшилик оқыўшылар мәнилес сөзлерди табыў, фразеологизмлерден, нақыл-мақаллардан пайдаланыў жолларын билмейди. Оқыған көркем шығармасы, ертеги, киносы ҳ.б. бойынша өз пикирин баянлар бере алмайды. Сонлықтан ҳәзирги оқытыў методикасында усы нәрселерге айрықша итибар бериў талап етиледи.

### Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. Оқыўшылардың сөзлик байлығын раўажландырыў дегенде нени түсинесиз?
2. Сөзлик байлықты раўажландырыў жоллары қандай?
3. Оқыўшылардың сөзлик байлығын раўажландырыў усыллары бойынша өз пикирлериңизди билдириң.

### Әдебиятлар:

1. Бердимуратов Е., Пирниязов Қ. Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыў методикасы. Нөкис, 1988.
2. Ғуломов А.Қ. Она тили ўқитиш принциплари ва методлари. Тошкент, 1992.
3. Ғуломов А., Неъматов Ҳ. Она тили таълими мазмуни. Тошкент, 1995.
4. Илимий-методикалық топлам. Нөкис,1976.

### Қарақалпақ тили бойынша класстан тыс жумыслар

### Жоба:

1. Қарақалпақ тили бойынша факультатив сабақлар
2. Қарақалпақ тили бойынша пән дөгереклери
3. Дийўалы газеталар. Олимпиада өткериў усыллары.

Улыўма билим беретуғын орта мектеплерде, кәсип-өнер колледжлеринде, лицейлерде белгили бир илим тараўына, ямаса кәсипке бағдарланған билим бериў тийкарғы ўазыйпалардың бири. Билимлендириў ҳаққындағы нызамында, Кадрлар таярлаўдың Миллий бағдарламасында, ҳәзирги оқыў системасында белгили бир бағдар бойынша билим бериўге айырықша дыққат аўдарылған.

Усыған байланыслы қарақалпақ тили де орта мектеплерде ашылған, қәнигелестирлген классларда, академиялық лицейдиң гуманитар бағдарда тәлим алыўшыларына тереңлескен бағдарда оқытылады.

Мине, усы бағдарда мектеплердеги қарақалпақ тили бойынша факультетив сабақлар да оқыўшыларға тереңирек билим бериўди нәзерде тутады. Факультатив сабақлардың тийкарғы ўазыйпалары төмендегише:

1. оқыўшылардың қызығыўшылығын есапқа алып, өзлериниң қәлеўинше тил илиминиң тараўларын тереңирек үйретип, қарақалпақ тили бойынша алған билимлерин жетилистириў;

2. оқыўшылардың ана тилине болған қызығыўшылығын арттырыў;

3. оқыўшылардың лингвистикалық әдебиятларды үйрениўге, тил фактлерин талқылаўға, оларға баҳа бериў уқыплылығын арттырыў;

4. арнаўлы сабақлар арқалы оқыўшылардың белгили бир илим тараўы бойынша бейимлесиўине жағдай туўдырыў;

5. пәнниң өзгешелигине сәйкес оқыўшылардың әмелий көнлигиўин жетилистириў, китаплар менен ислесиўг, мақалалар, рефератлар жазыўға, баянат ислеўге үйретиў.

Факультатив сабақларға оқыўшылардың өз тилеги менен қабыл етиледи. Ҳәр бир топарда 15-20 оқыўшы болыўы мүмкин. Оқыўшылар класслар бойынша, ямаса VI-VII, VII-VIII классларды қосып апарыўға болады. Сабақ 45 минут, ямаса бир саатқа шекем созылыўы мүмкин, ямаса бир саатқа шекем созылыўы мүмкин. Факультатив сабақларда баянат, гүрриң, қадағалаў, таллаў методлары көбирек қолланылады. Қандай метод қолланыў муғаллимниң еркине, шеберлигине байланыслы болады. Бул бойынша муғаллим жыл басында тематикалық жоба дүзип, сол бойынша жумыс алып барады.

Класстан тыс жумысларға қосымша сабақ, жеке ислесиў ҳәм өз бетинше ислесиў бойынша да жумыслар киреди. Қосымша сабақта муғаллим класстағы төмен оқыйтуғын оқыўшылар менен жумыс алып барады. Сондай-ақ жеке ислесиўге оқыўшының жас ҳәм жеке өзгешелигини есапқа алып жумыслар алып барылады.

Класстан тыс жумысларға дөгерек жумыслары, кешелер, газеталар, тематикалық көргизбелер, ҳәр қыйлы жарыслар, олимпиадалар киреди.

Қарақалпақ тили бойынша дөгерек класстан тыс жумыслардың ишиндеги ең бир нәтийжели кең таралған түри. Дөгерек оқыўшылардың пәнге болған қызығыўшылығы есапқа алынып шөлкемлестириледи. Жылдың басында жоба дүзилип, оны бир неше бөлимлерге бөлип өткериўге болады. Мәселен, тил мәденияты дөгереги, статистика дөгереги, топонимика дөгереги, жас хабаршылар дөгереги.

Дөгерек жумысына темалар таңлап алынады. Мәселен, грамматика дөгерегинде ҳәр қыйлы грамматикалық ойынлар шөлкемлестириў, кроссвордлар дүзиў ҳ.б. жумыслар шөлкемлестириў мүмкин. Сондай-ақ грамматикаға байланыслы баянатлар жасаў, өз пикирлерин айтыў нәтийжесинде оқыўшылардың билими тереңлесип барады.

Қарақалпақ тили бойынша дөгерек жумысларын сөйлеў мәденияты, лексика бойынша да шөлкемлестириў мүмкин. Сөйлеў мәденияты дөгерегинде әдебия тил

нормалары тийкарында сөйлеўдиң сеслик, интонациялық, лексикалық, грамматикалық, стилистикалық тәреплери бойынша кең түсиник бериў талап етиледи. Текстлерди оқыў бир-бири менен пикир алысыў, магнитафон ленталарына жазылған тектлерди тыңлаў ҳ.б. жумыслар шөлкемлестириў мүмкин. Ал, лексикология дөгерегинде сөзлик қурам, ондағы сөзлердиң мәнилери, этимологиясы, сырттан кирген сөзлер, фразеологиялық сөз дизбеклери, тилимиздеги айырым вульгаризмлер, жаргонлар бойынша пикирлесиўге болады. Алдын ала жоба дүзилип, ҳәр қыйлы ойынлар, баянатлар, кроссвордлар дүзиў, сөзликлер бойынша ислеў түринде шөлкемлестириў мүмкин.

Класстан тыс жумыслардың бири мектеп дийўалы газетасын шығарыў болып есапланады. Дийўалы газета мектеп турмысының айнасы. Дийўалы газетада мектеп турмысы, мәдениятлы сөйлеў, тәртип, тазалық мәселелери ҳ.б. туўралы сөз етиледи.

Дийўалы газетада шығарылған материаллар талқыланып барылады. сондай-ақ дийўалы газетада оқыўшылар өзлериниң дәслепки дөретпелерин шығарыўы мүмкин.

Сондай-ақ, қарақалпақ тили дөгерегиниң арнаўлы дийўалы газетасын да шығарыўға болады. Онда тилдиң пайда болыўы, тилдиң тарийхы, нақыл-мақаллар, викторина ҳ.б. темаларда материалларды жәриялап барса қызықлы болады.

Оқыўшылардың класста ҳәм класстан тыс жумысларда үйренгенлериниң нәтийжесин сынақтан өткериў ушын олимпиадалар шөлкемлестириледи. Олимпиада да оқыўшылардың қарақалпақ тили бойынша алған билими, тапқырлығы, ойлаўы, өзинше пикирлениўи анықланады. Оқыўшылар өз билимин сыннан өткереди. Олимпиада класста, мектепте, район бойынша ҳәм республика көлеминде өткериледи. Демек, олимпиада үш басқышта өткериледи. Биринши басқыш-мектеп бойынша, екинши басқыш-қала ҳәм район көлеминде, ал үшинши басқыш-республика көлеминде болып өтеди. Биринши басқыш жеңимпазлары екинши басқышқа, екинши басқыш жеңимпазлары үшинши басқышқа қатнасады. Республикалық олимпиада жеңимпазлары қарақалпақ тили ҳәм әдебияты бойынша өзи қәлеген жоқары оқыў орнына конкурссыз қабыл етиледи.

Олимпиаданың жақсы өтиўи, оқыўшылардың жеңимпаз болыўы қарақалпақ тили ҳәм әдебияты пәни муғаллимлерине де байланыслы болады. Олар оқыўшылар менен үлкен таярлық алып барады.

Ҳәр бир мектепте жақсы безетилген қарақалпақ тили кабинети болыўы керек. Қарақалпақ тили кабинетинде муғаллим сабақ өтеди, класстан тыс жумысларды шөлкемлестиреди, төмен үлгериўши оқыўшылар менен жумыс ислейди, факультатив сабақларды өткереди. Қарақалпақ тили кабинетинде китаплар, методикалық қолланбалар, көргизбели қураллар, журналлар, сөзликлер, техникалық қураллар болады. Булар муғаллимниң ҳәр бир сабақты сапалы, көргизбели өтиўин тәмийинлейди. Сондай-ақ, кабинетте тилге байланыслы қыстырмалар илдириледи.

Ал, көргизбели мүйешке ис қағазларының үлгилери, грамматикалық таллаў үлгилери шығарма, баян жазыў үлгилери ҳ.б. қойылады. Булар оқыўшылардың керек ўақтында пайдаланыўына мүмкиншилик береди. Демек, мектептеги қарақалпақ тили кабинетиниң де әҳмийети үлкен.

### Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. Факультатив сабақлар қалай шөлкемлестириледи?
2. Мектептеги пән дөгереклери ҳәм оның түрлери
3. Олимпиада өткериўдиң усыллары ҳәм әҳмийети
4. Қарақалпақ тили кабинети  қандай талапларға жуўап бериўи керекЎ

### Әдебиятлар:

1. Е.Бердимуратов, Қ.Пирниязов Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыў методикасы. Нөкис, 1988ж.

2. Ғуламов А., Қодиров М. Ўзбек тили ўқитиш методикаси. Тошкент, 2001.